ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№147 (21.555) ● 2009 гъэм шыщхьэІум (августым) и 4, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Хъуэст Л. М. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Уголовнэ-гъэзэщІакІуэ системэм дагъэнэщэу илъэс куэд ІьандэрэІ зэрыщылажьэм икІи и кьалэнхэр хьэлэлу зэрыгъэзащІэм папщІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Хъуэст Леонид МуЭед и кьуэм** - Урысей Федерацэм Тезырхэр гъэзэщІэныжьмкІэ и федеральнэ къулыкъум пэщІэдзэ профессиональнэ щІэныгъэ щрагъэгъуэт и «Профессиональнэ еджапІэ №214» федеральнэ бюджет еджапІэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м
№115-УП

Ашэбокьуэ Л. Хь. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Педагогикэ щІэныгъэ лэжьыгъэмрэ ІэщІагъэлІ Іэзэхэр гъэхьэзырынымрэ я лъныкъуэкІэ бгъэдэлъ фЫщІэм папщІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Ашэбокьуэ Леонид Хьэжмудар и кьуэм** - Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и янэ Президент КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхъэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал мэкъумэш академие» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт и федеральнэ къэрал еджапІэм и профессорым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м
№116-УП

● КъБР-м и Правительствэм

Илъэсым къриубыдэу республикэм къакІуэ туристхэм я бжыгъэр мелуани 3-м нэсынущ

2030 гъэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ику иту щат улахуэр хуэди 9-м щІигъкІэ, лэжьыгъэм кьыпэкІуэ хъёрыр хуэди 9,8-кІэ нэхъыбэ щыхъунущ, бюджет ахъщэри и нэхъыбапІэкІэ кьыззрызэрагъэпэщынур республикэм щызэхуахьэс налогхэмкІэщ. А псори кьыщылъытащ КЪБР-м зэрызиужьынум теухуа стратегиеу 2006 гъэм кьащтам. КЪБР-м и Правительствэр а документым иджыблагъэ хэплъэжри, зэхъуэкІныныгъэ зыбжанэ хилъхьащ.

КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ статумкІэ и министр **Мусуков Алий** зэрыжиІамкІэ, документым елэжьыжащ «2020 гъэм нэсыху УФ-м зэрызиужьыну стратегиеу» Урысейм и Правительствэм кьищтар, УФ-м ЩІыналъэхэм зегъэужьынымкІэ и министерствэм и методикэ чэнджэщхэр, дунейпсо экономикэ кризисым адэкІэ кьыкІэлъыкІуэнкІэ хъунуэр кьэлъытащ. Иджы а документыбгъ илъэс 20-м тращІыхьыжащ, ялъэм зытеухуауэ щыта илъэс 15-м и пІэкІэ. Экономикэ зыужьныгъэмрэ статумкІэ министерствэм аргуэру зэ зэпилъытыжащ республикэм иІэ Іэмалхэмрэ кьыпэщыт кьалэн нэхъыщхьэхэмрэ. Ди щІэныгъэм зегъэужьыным и лъабжьэу щытынущ туристрекреацэ комплексымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ.

- Мы документыр гъэзэщІэным хиубыдэу республикэм кьыщызэрагъэпэщынущ зэманым хьеазгъэ ерыскъыпилъэс 20-м тращІыхьыжащ, ялъэм зытеухуауэ щыта илъэс 15-м и пІэкІэ. Экономикэ зыужьныгъэмрэ статумкІэ министерствэм аргуэру зэ зэпилъытыжащ республикэм иІэ Іэмалхэмрэ кьыпэщыт кьалэн нэхъыщхьэхэмрэ. Ди щІэныгъэм зегъэужьыным и лъабжьэу щытынущ туристрекреацэ комплексымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ.

- Мы документыр гъэзэщІэным хиубыдэу республикэм кьыщызэрагъэпэщынущ зэманым хьеазгъэ ерыскъыпилъэс 20-м тращІыхьыжащ, хущхъуэгъуэхэр кьыщІэзыгъэкІ комплексхэр, туризмэм и иджырей Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэзыгъэкІынкІэ Іуэхущ Іапі эхэр, - жиІащ Мусуков Алий.

Стратегием кьызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, ди дежтурист-рекреацэ комплексым нэхъ щІэрэхъуэбжьауэ зыщыгъжьынущ. Абы и фІыщІэкІэ 2030 гъэм ирихьэлІэу республикэм илъэс кьэс туристу мелуани 3,4-м ябгьлагъэ щыхьэщІэнущ. Абы кьыхэкІыу мэкъумэш хозяйствэм и зэфІэкІхэри и нэхъыбапІэкІэ зыхуэунэтІауэ щытынур республикэм исхэмрэ хьэщІэхэмрэ шхыныгъуэ тэмэмхэмкІэ къызэгъэпэщынырщ.

А щыкІэм тету зэтрагъэувэмэ, экономикэм псынщІэу икІи зэпІэзэрыту зиужьынущ, валовэ продукту ди деж кьыщалъэкьыр ику иту гъэ кьэс процент 11-кІэ нэхъыбэ хъунущ. ЛэжьапІэншэхэм я бжыгъэр проценти 3-м нэсу ехынущ, ику иту ят лэжьапщІэр сом мин 33,4-м нэсынущ.

Кьызэхуэсахэм я пащхьэм кьыщыщыпсалъэм КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Ярин Андрей** зэрыжиІамкІэ, стратегием кьыщыгъэлъэгъуам нэхърэ нэрылъагъуу нэхъыбэщ иужьрей илъэсищым ди деж лэжьапщІэм зэрыщыкъэхъуэр, лэжьапІэншэхэм я бжыгъэм зэрыщыкІэрыхуар, республикэр дотацэхэм зэрелъытар кьызэрагъэтІэсхъар. Ауэ Правительствэм и Іэтащхьэм щэч кьыгурихьащ 2030 гъэм ирихьэлІэу валовэ щыналъэ продуктым илъэс кьэс кьыхэхъуэр процент 11-м нагъэсфыну кьызэралъытэм. Абы и жэуапу Мусуков Алий жиІащ 2008 - 2009 гъэхэм валовэ щыналъэ продуктым проценти 6 хуэдиз фІэкІ кьызэрыщІимыгъуар, ауэ дунейпсо финансн кризисыр кьызэранэкІэ нэужь, къэралым и экономикэм псынщІэу зэрызиужьынур нэхъыбэрэ щІэныгъэ щрагъэгъуэнущ.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эщ.

● Тэрч куей

Гъавэр Іейкъым

Тэрч куейм и Урожайнэ къуажэм и мэкъумэшышІэхэм бжыыхьэсэ гъавэр епІэщІэкІыу Іуахыж.

ГЕКТАР 500-м кьытрахыжа хьэпщІийр Іэщымрэ джэдкъазымрэ зэрырагъэшхыным хуэдэу зэтрауду, гектари 100-м кьытраха гуэдзым химие и лъэныкъуэкІэ елэжьу агъэтІысхьыну хунэсащ. Гъавэр Іейкъым - зы гектарым хуэзэу центнер 30 кьытрах.

Мы махуэхэм щІадзащ хадэхэкІэр кьрахьэлІэжьынми. Гъавэр бэв хьуным псом ятэу хуэщхьэпэр псыр тКІупсктКІупсу зэрыщІагъэхьэрщ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Зэпеуэхэр

ТекІуахэр ягъэлъапІэ

КЪБР-м ХьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ.. жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм зэІуиІэ щекІуэкІащ. Абы щагъэлъэпІащ «ЩІалэгъуалэ Іуэхуэхмкіэ 2008 гъэм и муниципальнэ Іуэхущ Іапі эхэр нэхъыфІ» зэхьэзэхуэм щытекІуахэр.

ЗэІущІэр кьыщызэІуихым КъБР-м хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министр **Пащты Борис** жиІащ мы зэпеуэр илъэс ещанэ хьуауэ зэрекІуэжыр, министерствэм кьепха кьудамэхэр нэхъыбфІу лэжьэнымкІэ ар сэбэп зэрыхьур.

Зэхьэзэхуэм и зэпыщІатекІуэхэм кьызэралытамкІэ, щІэблэр хэкупсэу гъэсэн унэтІыныгъэм папщІ щыхьуар Дзэлыкьуэ адміністрацэм, щалэгъуалэм ядэлэжьэнымкІэ и кьудамэр. Проходнэр районым щыІэ кьудамэр щалэгъуалэр жылагъуэ лэжьыгъэм хэщэным, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр дэІыныным хуэгъэпса унэтІыныгъэм щытекІуащ. Щалэгъуалэм ядэлажьэу республикэм щыІэ Іуэхущ Іапі эхэр хьыбарегъащІэ Іэмалхэмкіэ кьыззгъэпэщыным ехьэлІа унэтІыныгъэм щытекІуар Щэрэдж районырщ. Щалэгъуалэм я жэрдэмыр дэІыныгъэмкІэ унэтІыныгъэм щагъэпэжащ Налшык къалэ адміністрацэм щалэгъуалэ Іуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкІэ и кьудамэр. ГъащІэ узынщэм и телъхьэу щытынымкІэ, щалэгъуалэр Іуэху мыщхьэпэхэм демыгъэхьэхыным пыщІа Іуэхуэхэмкіэ унэтІыныгъэм щытекІуащ Проходнэр куейм щыІэ Черниговское кьуажэ адміністрацэр.

Зэхьэзэхуэм пашэныгъэ кьыщызыхьа псомэ саугъэт лъапІэхэмкІэ яхуэзыгъэкІащ. Апхуэдэуи районкэм кьикІа лІыкІуэхэмрэ міністрымрэ псалъэмакъ кучІыфІэ эзэдгъэкІуэкІащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Расмуссен и ІэнатІэм пэроувэ

НАТО-м и секретарь изхьыпхьэ кьулыкъум дыгъуэсэ пэрыуващ Данием щыщ Расмуссен Андерс Фог.

Экспертхэм кьызэралытэмкІэ, иджы абы гугъуехьыщхуэхэр кьыпопльэ. Ар кьызыхэкІыр альянсыр зыпэщІэува Іуэху мыщхьэпэхэм я закъуэкъым. Нобэ НАТО-м зауэ гущІэгъуэншэ щрегъэкІуэкІ Афганистаным, Европэ союзымрэ Урысеймрэ ягурыІуэныр гугъу хъуащ. Абы хэт къэралхэм я экономикэр кьызэрытІасхъэм и зэранкІэ, НАТО-м и бюджетым фІыуэ хэщІыну хуагъэфащэ. А псом и щыІужкІэ, Расмуссен Андерс Фог ягурыІуэжьын хуейщ муслымэн къэралхэм. Псальэм папщІэ, Тыркуер арэзыгэкъым абы я кьулыкъур етынымкІэ, - Данием и премьер-министру щыщытам, ар яхэтащ Мухьэмэд бегъымбарыр зыгъэуІуйыт ауанищІ суратхэм щхьэкІэ псэльэмакъ кьыщІэпІэтын щымыІэу жизыІа политикхэм.



◎ Газэ секторым (Палестинэ автономие) щекІуэкІынущ палестинхэм я ФАТХ зэщІэхьеенигъэм и 6-нэ зэхуэс. Ар теухуащ Ясир Арафат псэужамэ, и ныбжьыр илъэс 80 нобэ зэрыкІуэну щытам.

◎ Илъэс 226-рэ и пэкІэ Георгиевск Іэ щыщІадзащ Курскымрэ Урысеймрэ «Георгиевск трактат» зыфІаща щыхьэт тхылъым.

◎ **Дыгъэ кьыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 57-м, кьуэхьжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 28-м.**

◎ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикъэ 31-рэ.**

ПлІанэпэ зыхъэхъэныр ГЪУЩІО Зарифиц.

Лъэпкъ Іуащэгъэ:

Бей зыщыкуэдым тхьэмыщкІи щыкуэдщ.

Илъэс 80 гъуэгуанэ

● Прохладнэ куей

Прохладнэ къалэм дэт чырбыш-кхъуэщын заводми кризисым ижь кьыщІимыхуауэ пхужьІэнукъым. Іуэхущ Іапі эм чырбышу кьыщыщІагъэкІыр 2009 гъэм и пэщІэдзэм процент 20-кІэ нгъэмэщІэн хуей хъуащ.

АПХУЭДЭ лэжьыгъэ мардэм зэриувам хуэдэуи, мазэ кьэс кьыщІагъэкІ чырбыш мин 50-м хэщІагъуэ щымыІэу хъумапІэхэм щІэлъщ, и уасэм фІыуэ кІэрагъэуами. «Ууакіуэ организацэхэм чырбышыр куэду ямыщІхумэ, цыхуу щхьэхуэхэмкІэ Іуэхур зэфІэкІыркъым. Апхуэдэ щытыкІэ гугъу дитми, ди лэжьакІуэхэр зэрядмыгъэмэщІэным дыхэтщ. Пэжщ, инэ илъэсхэм улахуэр ику ити сом мин 12 хъууэ щытамэ, иджыпсту яттыфыр сом мин 8-9-щ», - жиІэ заводым и унафэщІ Докторов Николай.

Абы кьызэрилъытэмкІэ, чырбыш кьыщІэзыгъэкІ Іуэхущ Іапі эхэр щытыкІэ хьэлъэм кьиныным иужь итщ. Чырбыш заводхэм апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр кІуэ пэтми нэхъ къатохьэлъэ. ИкІэм-икІэжьм зыхуэхьКІуэр зыщ - заводым кьыщІигъэкІ чырбышыфІ дыдэхэр щІэупщІэнэзу щылъщ. Ауэ щыхъуэкІи, лэжьакІуэхэм я улахуэри и чэзум фІимышу етын, лэжьыгъэм зэхъуэкІынныгъэ щхьэхуэхэри хэлъхьэ ин хуейщ.

Мы гъэм илъэс 80 ирокъу ди республикэм и ухуэнныгъэ инхэм хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІу щыта Прохладнэ чырбыш-кхъуэщын заводыр лажьэу зэрагъэпэщыр. Ар а зэхуэдэ гуфІэгъуэщ Іуэхущ Іапі эр зэтетыхуэ дэтхэнэ зы Іэщ Іагъэ Іпі ми щыІэ. Ауэ щыхъуэкІи, лэжьакІуэхэм я улахуэри и чэзум фІимышу етын, лэжьыгъэм зэхъуэкІынныгъэ щхьэхуэхэри хэлъхьэ ин хуейщ.

Мы гъэм илъэс 80 ирокъу ди республикэм и ухуэнныгъэ инхэм хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІу щыта Прохладнэ чырбыш-кхъуэщын заводыр лажьэу зэрагъэпэщыр. Ар а зэхуэдэ гуфІэгъуэщ Іуэхущ Іапі эр зэтетыхуэ дэтхэнэ зы Іэщ Іагъэ Іпі ми щыІэ. Ауэ щыхъуэкІи, лэжьакІуэхэм я улахуэри и чэзум фІимышу етын, лэжьыгъэм зэхъуэкІынныгъэ щхьэхуэхэри хэлъхьэ ин хуейщ.

● Хъыбарыфіхэр

Мэжджыхь Эдуард и ехъулІэныгъэщІэ

Швецием и Ландскрунэ къалэм щекІуэкІащ ныбжьыщІэхэм атлетикэ хьэлъэмкІэ я европэ чемпионат. Абы щытекІуащ Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам хэту абы зыкьыщызыгъэлъэгъуа Мэжджыхь Эдуард.

МэкЪуауэгЪуэм и 15-м Румынием щекІуэкІа Дунейпсо чемпионатым щытекІуа адыгэ щалэм Швециеми кьыщыпэльэщІ кьыкьуэкІакъым. Килограммым 105-м нэс зи хьэльагъэм я зэпеуэм Мэжджыхь Эдуард и хьэрхуэрэгъу псоми ефІэкІащ. Абы щхьэкІэ гугъу зримыгъэхьащэми хьуащ икІи Европэм и дыщэ медалыр кьиныхьи папщІэ, тІэу бгъэдыхьэгъуэм кьратха килограмм 381-р ирикъуащ. Фигу кьэдгъэкІыжьныщи, Бухарест щекІуэкІа дунейпсо зэпеуэм ди лъахэгъум килограмм 395-рэ кьащІэтащ.

Швецием ныкъуэкъуэгъу нэхъыщхьэ щиІа латыш щалэ Плеснекис Артурс Мэжджыхьым килограмипщкІэ кьыкІэрыхуащ. Ещанэ увыпІэр кьэзыхьа Украинэм икІа Тагиров Сергей кьыхуэІэтар килограмм 370-рэщ.

Кьыхэдгъэщынщи, Европэм и чемпионатым цыхухъухэм я зэпеуэм ди къэралым кьыщихьа дыщэ медаль закъуэр зи фІыгъэр Зеикъуэ кьуажэ щыщ тренер цІэрыІуэ Хьэфыщэ Мухьэмэд и гъэсэныгъ. Цыхубзхэм ящыщу дыщэ медаль кьахьын Іэзэгъэфіэкіар Сибетовэ Иринэрэ (килограмм 58-рэ зи хьэльагъхэм я деж) Качаевэ Юлиерэщ (кг 75-м щІигъу).

Апхуэдэу щыт пэтми, мы зэхьэзэхуэм кьрикІуахэм япкъ иткІэ, Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам гуп зэпеуэм пашэныгъэр щиубыдащ. Псори зэхэту абы зыІэпригъахьащ медаль 11 (дыщэу - 3, дыжьыну - 5, жэзу - 3). ЕтІуанэ увыпІэр яІэрыхьащ хьэльагъущ щекІуэкІа зэпеуэхэм щытекІуа, ауэ нэгъуэщІ увыпІэфІэхэр зыхуэзмыІубыда, Белоруссием и штангистхэм.

ХЬЭТАУ Исльам.

КъБР-м и спортменхэм Урысейм етІуанэ увыпІэр щаубыд

Бэнэжьэ хунтымкІэ Къэзан щекІуэкІа урысейпсо чемпионатым КъБР-м и командэм етІуанэ увыпІэр щиубыдащ.

ЗэХьэЗЭЗХУЭМнэхъыфІу зыкьыщызыгъэлъэгъуахэм ящыщщ Махуэ Билал (килограмми 120-рэ, ятІэ увыпІэ), Мер Арсен (килограмм 66-рэ, етІуанэ увыпІэ), Машэжь Расул (килограмм 55-рэ, ещанэ увыпІэ), Джэду Аниуар (килограмм 74-рэ, ещанэ увыпІэ), Уэрыш Анзор (килограмм 84-рэ, ещанэ увыпІэ), ЛамПІэжь Мулид (килограмм 66-рэ, етхуанэ увыпІэ). Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэм ящыщ куэд Урысейм и командэ кьыхэхам кьагъэхьащ.

ЗэІущІэм и кІэухым Урысейм Спорт бэнэжьэмкІэ и федерацэм и президент Мамиашвили Михаил КъБР-м и спортсменхэм зэфІэжьыщхуэ зэрабгъэдэтыр кьыхигъащащ икІи иужьрей зэманым абыхэм я Іэзагъым нэрылъагъуу зэрыхагъэхуэар жиІащ.

● ТхылъыщІэ

Мэздэгу адыгэхэр

Пщыхэр ныкьуэкъуэгъу кьыщыхъуэхъум, Тэрч зэпрыкІри, 1763 гъэм Мэздэгу губгъуэм итІысхьауэ щытащ Джылахьстэн лІакъуэм щыщ Къащацокъуэ Кургъуокъуэ. Нобэ Мэздэгу кьалэжІэ зэрыжи и лъабжьэр зыщъэгІыльар аращ. Нэхъ ижькІэ!

Мэздэгу губгъуэр цэуэщІэ яхуэхъуащ нэгъуэщІ адыгэ жылагъуэ зыбжанэми - мэздэгу адыгэжІэ ёоджэ абыхэм а зэманым дыдэрэ.

МЭЗДЭГУ щІыналъэм адыгэ кьуажэ зыбгъэупщІ исщ нобэ, абыхэм я бжыгъэр мини 10-м щІегъу - чыристаныр мусЫлымэни.

Къэбэрдейм иЭнэхъуІами, мэздэгу адыгэхэр зэи пэЩІэ хьуакъым я хэкужьым - я бзэкІи, я хабзэхэмкІи, я псэуэкІэкІи. Абы щыхьэт тохьуэ Къун Николай и тхылъыр - «Культура и быт моздокских кабардинцев в XIX - первой половине XX века», ар иджыблагъэ кьыщыдэкІащ «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм.

Тхылъыр зи Іэдакъэ кьыщІэкІа Къун Николай (кэуд щІакъым дунейм зэрехьжрэ, езыри мэздэгу адыгэхэм ящыщт) щІэныгъэлІ, жылагъуэ лэжьакІуэ щыІэныгъуэ щытащ, Мэздэгу адыгэхаэм и тхъмадэ къулыкъыр илъэс зыбжанэкІэ зэрихьащ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

● Дзэлыкъуэ куей

ЩІэблэр зэрагъэцІыху

Иорданымрэ Мэздэгурэ къикІа сабий 50 иджыблагъэ ирагъэблагъащ Дзэлыкъуэ куейм.

РАЙОНЫМ Щэнхабзэмкіэ и унэм и къэфакІуэ, уэрэджьыІакІуэ гупхэм концертышхуэ ятащ хьэщІэхэм папщІэ. Абы и ужькІэ зэхэтащ щІалэгъуалэ дискотекэ. ХьэщІэхэм ирагъэлъэгъуащ Дзэлыкъуэ куейм и щІыпІэ нэхъ дахэхэр. Район администрацэм щэнхабзэмкІэ и къудамэм и унафэщІ КІуалэ Хьэзыр зэрыжиІамкІэ, мы Іуэхум нэхъыщхьэу хэлъыр адыгэхэм я щІэблэр нэхъ зэпэгъунэгъу щІынырщ, зэгъэубыдыжынырщ. ХьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ ягъэбелджылащ зэгъуэгу зэдащІэфыну Іуэхугъуэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум щыщу къыIах мыхъунухэм я спискэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум щыщу къыIах мыхъунухэм я спискэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьан Iэ щIидзэн икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м
№112-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум щыщу къыIах мыхъунухэм я спискэм и Iуэхукlэ»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м

1 статья Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум щыщу къыIах мыхъунухэм я спискэр къэщтэн.

2 статья. Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м
№36-РЗ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум щыщу къыIах мыхъунухэм я спискэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и гуэдзэн

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум щыщу къыIах мыхъунухэм я спискэр

№№	Ухуэныгъэм зэреджэр	Ухуэныгъэм и адресыр
	Узыншагъэр хъумэным тещIыхьа ухуэныгъэхэр	
1.	Администрацэмрэ лабораторэмрэ я унэр	Налшык къалэ, Дубки хьэблэ, сымаджэщ къалэ цIыкIу
2.	Лабораторэм и унэр	Налшык къалэ, Дубки хьэблэ, сымаджэщ къалэ цIыкIу
3.	ЦIыхухэм щIэзэ «А» корпусыр	Налшык къалэ, Дубки хьэблэ, сымаджэщ къалэ цIыкIу
4.	ЦIыхухэм щIэзэ «А-1» корпусыр	Налшык къалэ, Дубки хьэблэ, сымаджэщ къалэ цIыкIу
5.	Администрацэм и корпусыр	Налшык къалэ, Дубки хьэблэ, сымаджэщ къалэ цIыкIу
6.	ЦIыхухэм щIэзэ корпусыр	Налшык къалэ, Дубки хьэблэ, сымаджэщ къалэ цIыкIу
7.	ЦIыхухэм щIэзэ корпусыр	Налшык къалэ, Дубки хьэблэ, сымаджэщ къалэ цIыкIу
8.	ЦIыхухэм щIэзэ корпусыр	Налшык къалэ, Дубки хьэблэ, сымаджэщ къалэ цIыкIу
9.	ЦIыхухэм щIэзэ корпусыр	Налшык къалэ, Дубки хьэблэ, сымаджэщ къалэ цIыкIу
10.	ЦIыхухэм щIэзэ корпусыр	Налшык къалэ, Дубки хьэблэ, сымаджэщ къалэ цIыкIу
11.	Стационарым и унэр	Налшык къалэ, Дубки хьэблэ, сымаджэщ къалэ цIыкIу
12.	Поликлиникэмрэ сабийхэм щIэзэ къудамэмрэ я унэр	Налшык къалэ, Дубки хьэблэ, сымаджэщ къалэ цIыкIу
13.	Стационарым и унэр	Налшык къалэ, Дубки хьэблэ, сымаджэщ къалэ цIыкIу
14.	Администрацэр зыщIэс, цIыхухэм щIэзэ унэр	Налшык къалэ, Щоджэным и уэрам, 4
15.	Фэбжьхэм щIэзэ пунктым и унэр	Налшык къалэ, Затишье хьэблэ
16.	Терапевтическэ къудамэм и унэр	Налшык къалэ, Затишье уэрам, 134
17.	ХирургическIэ къудамэм и унэр	Налшык къалэ, Затишье уэрам, 134
18.	Эндоскопиемкlэ корпусыр	Налшык къалэ, Затишье хьэблэ
19.	ЦIыхухэм щIэзэ корпус нэхъыщхьэр	Налшык къалэ, Затишье хьэблэ
20.	Реабилитацэмкlэ центрым и унэр	Налшык къалэ, Затишье хьэблэ
21.	Поликлиникэм и унэр	Налшык къалэ, Затишье хьэблэ
22.	Лабораторэм и унэр	Налшык къалэ, Осетие уэрам, 134
23.	Корпус нэхъыщхьэр	Налшык къалэ, Осетие уэрам, 134
24.	Корпус нэхъыщхьэм къыгъэщIыхьа унэр	Налшык къалэ, Осетие уэрам, 134
25.	ЦIыхухэм еIэзэнымрэ санитариемкlэ унэр	Налшык къалэ, Осетие уэрам, 134
26.	ЖеипIэ корпусыр	Налшык къалэ, Осетие уэрам, 134
27.	Уз зэрыцIалэхэм щIэзэ корпус №2-р	Налшык къалэ, Головко и уэрам, 7
28.	ЦIыхухэм щIэзэ корпус №1-р	Налшык къалэ, Головко и уэрам, 7
29.	Бактериологие лабораторэм и унэр	Налшык къалэ, Головко и уэрам, 7
30.	Клинико-диагностикэ лабораторэм и унэр	Налшык къалэ, Головко и уэрам, 7
31.	Администрацэм и унэр	Налшык къалэ, Горькэм и уэрам, 31
32.	Производствэ Iуэхухэр щрагъэкIуэкI комплексыр	Налшык къалэ, Горькэм и уэрам, 33
33.	Поликлиникэм и унэр	Налшык къалэ, Лермонтовым и уэрам, 23
34.	Стационарыр (унэм къыгъэщIыхьар)	Налшык къалэ, Лермонтовым и уэрам, 23
35.	Администрацэм и унэр	Налшык къалэ, Лермонтовым и уэрам, 44
36.	Администрацэм и унэр	Налшык къалэ, Маркэ Вовчок и уэрам, 23
37.	Корпус №2-м и унэр	Налшык къалэ, Маркэ Вовчок и уэрам, 23
38.	Администрацэм и унэр	Налшык къалэ, Пироговым и уэрам, 4
39.	Корпус нэхъыщхьэр	Налшык къалэ, Пироговым и уэрам, 6
40.	ЦIыхухэм щIэзэ корпусыр	Налшык къалэ, Къуэныкъуэйм и уэрам, 6
41.	Администрацэм и унэр	Налшык къалэ, Тэрчокъуэм и уэрам, 12
42.	Поликлиникэм и унэр	Налшык къалэ, Тургеневым и уэрам, 4
43.	Администрацэм и унэр	Шэрдэж район, Нартан къуажэ
44.	Хозяйствэ Iэнатlэм и корпусыр	Шэрдэж район, Нартан къуажэ
	Социальнэ Iэнатlэм егъэщIылIа объектхэр	
1.	Администрацэр зыщIэс икIи псэупIэу щыт унэр	Налшык къалэ, Къалмыкъым и уэрам, 242
2.	Корпус нэхъыщхьэр	Налшык къалэ, Къалмыкъым и уэрам, 244
3.	Администрацэм и унэр	Налшык къалэ, ПащIэм и уэрам, 10
4.	Поликлиникэм и унэр	Налшык къалэ, ПащIэм и уэрам, 10
5.	Стационарым и унэр	Налшык къалэ, ПащIэм и уэрам, 10
6.	ЦIыхухэм щIэзэ корпусыр	Налшык къалэ, Школьнэ уэрам, 4
7.	ЖеипIэ корпус №1-р	Налшык къалэ, Школьнэ уэрам, 4
8.	ЖеипIэ корпус №2-р	Налшык къалэ, Школьнэ уэрам, 4
9.	Администрацэм и унэр	Налшык къалэ, Тимошенкэ и уэрам, 60
10.	Администрацэм и унэр	Налшык къалэ, Фурмановым и уэрам, 6
11.	Корпус нэхъыщхьэр	Прохладнэ къалэ, Головко и уэрам, 413
12.	Администрацэм и унэр	Прохладнэ къалэ, Головко и уэрам, 413
13.	Медпунктым и унэр	Прохладнэ къалэ, Головко и уэрам, 413
14.	ЖеипIэ корпусыр	Прохладнэ къалэ, Головко и уэрам, 413
15.	ЖеипIэ корпусыр	Прохладнэ къалэ, Головко и уэрам, 413
16.	ЦIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ комплекс центрым и унэр	Прохладнэ къалэ, Тимошенкэ и уэрам, 90
17.	Администрацэм и унэр	Бахъсэн район, Куба къуажэ, Комсомольскэ уэрам, 122
18.	Администрацэм и унэр	Май район, Майскэ къалэ, Вокзальнэ уэрам, 5
19.	Администрацэм и унэр	Шэджэм район, Яныкъуей къуажэ
20.	Корпус нэхъыщхьэр	Шэджэм район, Яныкъуей къуажэ
21.	Корпус нэхъыщхьэр	Шэджэм район, Яныкъуей къуажэ
22.	ЦIыхухэм щIэзэ корпусыр (гъэулыпIэ 48-рэ зиIэр)	Шэджэм район, Яныкъуей къуажэ
23.	Администрацэм и унэр	Шэрэдж район, Къещхьэтау поселкэ, ЩоджэнцIыкIум и уэрам, 38
	Щэнхабзэм и объектхэр	
1.	КъБР-м Мэлбахьуэ Т. Къу. и цIэр зезыхьэ и къэрал лъэпкъ библиотекэм и унэр	Налшык къалэ, Нэгумэм и уэрам, 42
2.	КъБР-м Мэлбахьуэ Т. Къу. и цIэр зезыхьэ и къэрал лъэпкъ библиотекэм и унэм къыгъэщIыхьар	Налшык къалэ, Нэгумэм и уэрам, 42
3.	КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унэр	Налшык къалэ, Горькэм и уэрам, 62
4.	КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унэм къыгъэщIыхьар	Налшык къалэ, Горькэм и уэрам, 62
5.	Музыкальнэ театрым и унэр	Налшык къалэ, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуам и цIэр зезыхьэ уг
6.	ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и унэр	Налшык къалэ, ЩоджэнцIыкIум и уэрам, 2
7.	Литературэмкlэ музейм и унэр	Налшык къалэ, Долинск, Балъкъэрым и уэрам, номер иIэкъым
8.	Маркэ Вовчок и мемориальнэ унэ-музейр	Налшык къалэ, Маркэ Вовчок и уэрам, номер иIэкъым
9.	1944-1957 гъэхэм зэрахьа политикэ залымыгъэм IэщIэкIуэдахэм я мемориалыр	Налшык къалэ, Долинск, Къуэныкъуейм и уэрам, номер иIэкъым
	Егъэджэныгъэм и объектхэр	
1.	Унэм къыгъэщIыхьа ухуэныгъэр (библиотекэр)	Налшык къалэ, Дагъыстэн уэрам, 148
2.	ЕджапIэ корпусыр	Налшык къалэ, Дагъыстэн уэрам, 148
3.	ЖеипIэ корпус №1-р	Налшык къалэ, Дагъыстэн уэрам, 148
4.	ЖеипIэ корпус №2-р	Налшык къалэ, Дагъыстэн уэрам, 148
5.	ЕджапIэ корпусыр	Налшык къалэ, Академическэ уэрам, 12
6.	ЖеипIэ корпусыр	Налшык къалэ, Академическэ уэрам, 12
7.	Администрацэм и унэр	Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 8
8.	Корпус №2-р	Прохладнэ къалэ, Садовэ уэрам, 38/1
9.	Корпус №3-р	Прохладнэ къалэ, Мэкъуогум и уэрам, 38/1
10.	Корпус №4-р	Прохладнэ къалэ, Садовэ уэрам, 38/1
11.	Корпус нэхъыщхьэм и унэр	Прохладнэ къалэ, Мичуриным и уэрам, 33
12.	ЕджапIэ корпусыр	Тэрч къалэ, Фэнэйим и уэрам, 6
13.	ЕджапIэ корпусыр	Тэрч къалэ, Фэнэйим и уэрам, 6
14.	Школым и унэр	Тырныауз къалэ, Энеевым и уэрам, 8
15.	Щрагъаджэ-щагъасэ лъэщапIэхэр	Бахъсэн район, Дыкъэнэм и уэрам, 5
16.	ЕджапIэ корпусыр	Бахъсэн район, Дыкъэнэм и уэрам, 5
17.	ЖеипIэ корпус №1-р	Бахъсэн район, Дыкъэнэм и уэрам, 5
18.	ЖеипIэ корпус №2-р	Бахъсэн район, Дыкъэнэм и уэрам, 5
19.	ЕджапIэ корпусыр	Бахъсэн район, ХьэтIохъущыкъуэй къуажэ, IэпщIэм и уэрам, 30
20.	ЖеипIэ корпусыр	Бахъсэн район, ХьэтIохъущыкъуэй къуажэ, IэпщIэм и уэрам, 1
21.	Школ-интернатым и унэр	Бахъсэн район, Кременчуг-Константиновскэ къуажэ, Советскэ уэрам, номер иIэкъым
22.	Администрацэр зыщIэс, Iэхэутхьэбзэхэр щызэфIагъэкI унэр	Май район, Октябрьскэ къуажэ, Октябрьр илъэс 50 зэрырикъуам и цIэкIэ уэрам, 40
23.	ЕджапIэ корпусыр	Прохладнэ район, Приближнэ станицэ, Кооперативнэ уэрамдзкI, 6
24.	ЖеипIэ корпусыр (жыр)	Прохладнэ район, Приближнэ станицэ, Кооперативнэ уэрамдзкI, 6
25.	ЖеипIэ корпусыр (щIэр)	Прохладнэ район, Приближнэ станицэ, Кооперативнэ уэрамдзкI, 6
26.	ЖеипIэ корпусыр	Шэрэдж район, Бабугент къуажэ
27.	ЕджапIэ корпусыр	Шэрэдж район, Бабугент къуажэ
	Хьэрычэт Iуэху мыинымрэ хьэрычэт Iуэху курытымрэ дэIыгъыныжкIэ Iэнатlэм и объектхэр	
1.	Администрацэм и унэр (кьатитху хьур)	Налшык къалэ, Циолковскэм и уэрам, 7
2.	Производствэ Iэнатlэм и унэр (кьатищ хьур)	Налшык къалэ, Циолковскэм и уэрам, 7

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзэпщытэ-къэзыбж и палатэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 5, 26 статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзэпщытэ-къэзыбж и палатэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 5, 26 статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьан Iэ щIидзэн икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президент

Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м
№111-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзэпщытэ-къэзыбж и палатэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 5, 26 статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзэпщытэ-къэзыбж и палатэм теухуауэ» 2003 гъэм накъыгъэм и 29-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №53-РЗ-м мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 5 статьям:

1) Iыхьэ 1-м дэщIыгъуэкIи «илъэситху пIалъэкIэ» псалъэхэр;

2) Iыхьэ 5-м:

а) пункт 1-м хэт, «Къэзэпщытэ-къэзыбж палатэм и лжьыгъэр къызэгъэпэщыным ехьэлIа унафэхэр кьыдегъэкI» псалъэхэр хэгъэкIын;

б) пункт 2-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«2) приказхэмрэ унафэхэмрэ кьыдегъэкI, Къэзэпщытэ-къэзыбж палатэм и аппаратым и лжьакIуэхэр кьещтэ икIи IуегъэкIыж, хозяйствэ Iуэхухэм пыщIа, нэгъуэщI зэгурыIуэныгъэхэр кьещтэ;»;

в) пункт 5-м кьару имыIэжу кьэлыытэн.

2. 26 статьям:

1) Iыхьэ 1-м хэт «къэкIуэну зэманым тещIыхьауэ езым» псалъэхэр зэхъуэкIын «илъэсым тещIыхьауэ» жиIэу;

2) Iыхьэ 3-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«3. Илъэс планым и проектым Къэзэпщытэ-къэзыбж палатэм и коллегиер хоплъэ икIи ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыдыдзэ.».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м
№37-РЗ

Урысей Федерацэм и Президентым и УнафэкIэ

Еделев Аркадий Томчак Юрий Щытхъу Орденыр ирет.
Сурэтыр **ТОЛГУРОВ Камал** *трихащ.*

УФ-м къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министрым и къуэдзэ генерал-подполковник Еделев Аркадий Iуэху гуапэкIэ ди республикэм щыхьэщIащ.

- ЗИ IЭНАТIЭР хьэлэлу езыхьэкI, жэуапльныгъэр нэсу зыхэзыщIэ, фи лжьакIуэ гупым сыIущIэну сыт щыгъуи си гуапэщ. Дунейпсо терроризмэмрэ экстремизмэмрэ зэребэным и лъабжьэ нэхъыщхьэщ ар зи къаэлэн хабзэхъумэхэм зым адрейм зыщIигъэкъуэныр, абыхэм я зэныбжьэгъуэмрэ зэкъуэгъуэмрэ, - жиIащ Еделевым зэIущIэр къыщызэIуихым.

УФ-м къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министрым пщэрылъ къызэрыщиIам ипкъ иткIэ, абы хабзэхъумэ 37-м яритыжащ УФ-м и Президентым и УнафэкIэ хуагъэфэща къэрал дамыгъэ лъапIэхэр. Абыхэм я нэхъыбэр милицэм и IэнатIэ щхьэхуэхэм я офицерхэщ. Апхуэдэуи Еделевым къыхигъэщащ а тыгъэ лъапIэхэм ящыщ дэтхэнэми терроризмэмрэ экстремизмэмрэ ебэныныжкIэ милицэм бдзэу къыкъуэт ФСБ-м къуалыкъу щызыщIэхэм я лэжьыгъэ Iыхьи зэрыхэлъыр.

Жылагъуэ хабзэр къызэгъэпэщыным щIэ фIыщIэм, и лэжьыгъэм щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэшхуэхэм папщIэ Щытхъу Орденыр къыхуагъэфэщащ къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министру КъБР-м щыIэ генерал-лейтенант **Томчак Юрий**.

«УФ-м и МВД-м щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ министрствэм милицэм и участковэ инспекторхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныжкIэ и къудамэм и унафэщI **Шорэ Алик.**

Къэрал, ведомствэ дамыгъэхэр зратахэм я лэжьыгъэ мытыншым адэкIи ехъулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьэну, узыншэу сыт щыгъуи я унагъуэхэм яхьихьэжыну зэрагуапэр жаIащ Еделев Аркадий, зэIущIэм кърагъэблагъэ УФ-м и ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Сердюк Владимир, Томчак Юрий сымэ.

УАРДЭ Женя.

Ягъэпэжахэм ящыщщ милицэм и полковник Шорэ Алик.

Пашэхэм я лэжьэкIэр

Аруан куей

«Агро-Плюс» ОАО-р республикэм и IэнатIэ пашэхэм ящыщщ. 2002 гъэ лъандзэрэ ар хадэхэкIхэм зэпIэзэрыту йолажь, илъэс кьэси и зэфIэкIым нэрылъагъуу хегъахьуэ. Абы и щыхьэтщ КъБР-м и Президентым и саугъэтыр къыхущыхьэну теухуауэ нэгъабэ ирагъэкIуэкIа «2008 гъэм и Iуэхущапэ нэхъыфI» зэхъуэкIуэм зэрыщытекIуар.

ПРЕДПРИЯТЭМ и Iуэхур дегъэкI зэлэжь хадэхэкIхэр, нэгъуэщI къэкIыгъэхэр езым къызэригъэкIыжым. Кьапщтэмэ, мы гъэм горох щхьэнтIэр гектар 1200-м щащати, жьэрыгъуэхэм ящыщу гектар 52-м щагъэкIа дзэри бадзэуэгъуэм и 25 пщIондэ Iуахьижащ Голландием щащIа комбайнхэмкIэ, гъэльэльауэ тонни 120-рэ махуэ кьэс я заводым ирагъэшащ. Зы сменэм хуэзэу абы кьыхащыкIаш банкI мин 150-рэ. Псори зэхэту мы гъэм горох щхьэнтIэр банкI мелуан 12-м нэблагъэм ирагъэшащ. Ар гъэлIэ республикэм щагъэхьэзырым и зэхуэдитI мэхъу.

«Агро-Плюс» ОАО-м куэду щагъэкI нащэр, помидорыр, болгар шыбжийр, шыбжийсырыр, гъэфIэIуудз зэхуэмыдзэхэр. Иджыпсту кьыщIачыж игъэфIэIу лIэ уэжьыгъуэхэм ящыщу гектар 52-м щагъэкIа нащэ дэжейр. Зэрытраух уам х уэдзу, фокIадэм и 10 пщIондэ нащэ тонн 2000 банкIым ирагъэзэгъэнущ. Помидору гектар 275-рэ яIэщи, 200-м кьытекIыр (тонн мин 15) томат пIастэ ящыныщ, адрейхэм кьыщрахьэлIэжыр (тонн мини 5) ягъэфIэнущ. Гект ар 30-м щагъэкIа болгар шыбжийм рэ гъэфIэIуудзхэмрэ салатхэм халъхьэнущ.

- ХадэхэкI псоми иджырей Iэмалыщ Iэм (ткIуэпс зырызу) тету псы щыдогъэхьэ. Ди Iэщ Iагъэ IлIэр я кьалэнхэм фIыуэ щIыгъуаэщ. Украинэм дгъэкIуэурэ илъэситIщыкIэ щедгъэдж жащ. ИталиемрэГермениемрэ я Iуэхущ Iапэ дызыдзажьхэм щыщхэм ягъэщIагъуэ ди хадэхэкIхэр абыхэм ейхэм сыткIи зэрефIэкIыр, - жеIэ предприятэм и мэкъумэщ IэнатIэм и унафэщI Щакlуэ Мухьэмэд. - Техникэкlэ мыIейуэ дыкьыдзэгъэпэщащ, щыкуэр арэзы зэрыгъэщыным дызыщIокъу. Губгъуэм итхэм зыщагъэпсэхун жьауэ IэIащ, я узынщатэм щыкIэлъыплIэ пунктыр мэлажьэ, псы щIыIэр пэрыхьэту ягъуэт. Мы махуэхэм цIыху 700-м нэсым нащэр, 150-м нэблагъэм помидорыр кьыщIачыж, дэтхэнэми лэжьэгъуэ махуэ кьэс сом 400 идот, ди механизаторхэмэ я улахуэр и чэзум яIорохьэ. Хуабжьу дахуэарэзыщ ди Iэщ IагъэлI Бэзэныкъуэ унагъуэхэм, бджэндзырылажьэхэм я деж кьыщыдощхьу.

Мы гъэм ди мурадхэр нэгъабэрейхэм нэхьрэ нэхъ цIыкIукъым: грамм 950-м, литррэ ныкъуэм хуэщIа банкIыу мелуан зырыз, литрищым хуэдэу мин 200 нащэу зэхэтлъхьэнущ. Помидору дгъэфIэIунущ грамм 950-рэ зэрыхуэу банкIыу мин 500, литррэ ныкъуэуи апхуэдизу. «Ассортиментэ жыхуэтIэ нащэ-помидор зэхэлъри а бжыгъэхэм хуэдиз хъунущ.

Иджыпсту лэжьыгъэм и гуащIэгъэущ. Ар зымащIэкIи къызэрамыгъэтIэсхьэным псори зэуIуу щогугъу «Агро-Плюс» ОАО-м.

ТЕКIУЖЬ Зарет э.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзэпщытэ-къэзыбж и палатэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 5, 26 статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзэпщытэ-къэзыбж и палатэм теухуауэ» 2003 гъэм накъыгъэм и 29-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №53-РЗ-м мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 5 статьям:

1) Iыхьэ 1-м дэщIыгъуэкIи «илъэситху пIалъэкIэ» псалъэхэр;

2) Iыхьэ 5-м:

а) пункт 1-м хэт, «Къэзэпщытэ-къэзыбж палатэм и лжьыгъэр къызэгъэпэщыным ехьэлIа унафэхэр кьыдегъэкI» псалъэхэр хэгъэкIын;

б) пункт 2-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«2) приказхэмрэ унафэхэмрэ кьыдегъэкI, Къэзэпщытэ-къэзыбж палатэм и аппаратым и лжьакIуэхэр кьещтэ икIи IуегъэкIыж, хозяйствэ Iуэхухэм пыщIа, нэгъуэщI зэгурыIуэныгъэхэр кьещтэ;»;

в) пункт 5-м кьару имыIэжу кьэлыытэн.

2. 26 статьям:

1) Iыхьэ 1-м хэт «къэкIуэну зэманым тещIыхьауэ езым» псалъэхэр зэхъуэкIын «илъэсым тещIыхьауэ» жиIэу;

2) Iыхьэ 3-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«3. Илъэс планым и проектым Къэзэпщытэ-къэзыбж палатэм и коллегиер хоплъэ икIи ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыдыдзэ.».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м
№37-РЗ

КъБР-м и Президентым и сайтым къагъэхьа упщIэхэм я жэуапхэр

2010 гъэм щIадзэнущ

Уи пщэрылъым тету «Дыгъужь кущбжькIэ» («Волчьи ворота») зэджэм деж кьыщыщIэдзауэ Псыкlэху (Белая Речка) нэсыкъ дэть гъуэгур зэрагъэпэщыжащ. Абыкlэ фIыщIэ пхудощI. Иджы мыдэкIэ щегъэжьауэ езы «Дыгъужь кущбжьм» екIуалIэм дапщэщ щIэвдзэну?

Савченко В., *Налшык къалэ.*

Жэуап кьрет Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Хьэгъэс Залымджэрий.**

- 2009 - 2012 гъэхэм Налшык къалэ округым и уэрам-гъуэгу зекIуапIэхэм зэрызауэжьынымрэ гъуэгухэм шынагъуэншагъэр къызэрыщыкIэрагъэпэщ щыкIэр егъэфIэкIуэнымрэ» программэ хэха зэхъым ипкъ иткIэ, гъуэгухэр къызыхуэтынщэу зэгъэпэщыжыным 2010 гъэм щIадзэнущ. Вовчок Маркэ и цIэкIэ щыIэ уэрамым хьыхьу метр зэбгъуэнатIэ 368,8-м къызэрыгуэкI ремонт щрагъэкIуэкIащ. Ар гъуэгум иIэн хуей щытыкIэм июзэгъ. Къызыхуэтынщэу зэгъэпэщыжьын щIадзэхункIэ, Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм и зыхуэфащэ IэнатIэ хэр а гъуэгу Iыхьэм кIэтыпIтынущ.

Хьэрычэтыщ Iэхэм Кьыщпэк спорт гъэсапIэ щаухуэнущ

Кьыщпэк кьуажэм спортым зыщыхуагъэсэн, щэнхабзэ Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкIын, кино щепгъын щыпIэхэр дэтхэкым. Щэнхабзэмкlэ гъэр ныкъуэкъутэщ. Абыхэм унафэ гуэр тращIыхьынущ?

Балъкъэр Р., *Кьыщпэк кьуажэ.*

Жэуап кьрет Бахъсэн муниципальнэ районым и администрацэм и Iэ тащхьэ **Къаздохьу Альберт.**

- Бахъсэн муниципальнэ районым хьыхь Кьыщпэк кьуажэм щыIу 4.750-рэ щопсэу. Жылагъэм дэтщ курыт еджапIэ, Щэнхабзэмкlэ унэ, амбулаторэ, сабий гъэсапIэ. Школым и спорт залыр Бахъсэн куейм щынэхъ ин дыдэщ. Абы зэщхьэщыхьауэ щоладжьэ волейболымкIэ, баскетболымкIэ, мини-футболымкIэ спорт кружокхэмрэ секцIэхэмрэ. Кьанэщ щIагъэ щымыIэу район зэхьэзэхуэ псори, волейболымрэ баскетболымкIэ турнирхэри абы щрагъэкIуэкI. Сабийхэм футболымкIэ я командэр «Фэ топ» район зэпеуэм щытрагъуащ, республикэм турнирым и финал ныкъуэм нэсащ (саугъэ тыр сом мини 100 нэхъу).

Щэнхабзэмкlэ унэм бэнэкIэ хуитым зыщыкъухуагъасэ. Абы йокIуалIэ ныбжьыщIи 150-рэ. Районым и киносетым зэрызэ хуащIыжам кьыкъэкIыу, кино кьагъэпэнъуэжырыкъым. Щэнхабзэмкlэ унэм художественнэ самодеятельностым и кружокхэр щолажьэ, абы и сабий кьэфакIуэ гупым «Щапхъэ зытрах» щIэр зэрехьэ. Абы кьыдэкIуэу, езы Щэнхабзэмкlэ унэр кьыхьхуэтынщэу зэгъэпэщыжьын хуейщ. Ар 2010 гъэм ремонт щIыну ягъэбелджьна псэуалъэхэм хагъэхьащ. ЩIыпIэ администрацэм и жэрдэмкIэ, нэхъ зэфIэкI зиIэу жылэм дэсхэм я зэIущIэ ирагъэкIуэкIащ. Зэхуэсым щызэгурыIуащ спортым зыщыхуагъэсэну унэ щхьэхуэ яухуэну, абы папщIэ езыхэм ахъщэ зэхалъхьэну.

IэнатIэ къыхуагъуэт

Иджыблагъэ ди районым теплиц кьыщыщIэухащ. Абы сыщылджьэну сыхуейт, ауэ сыкъащтэркъым. Сынотьэну а Iуэхумкlэ укъыздэIэпыкъуну.

Хэжь Ж., *Бахъсэн къалэ.*

Жэуап кьрет щыпIэ администрацэм и Iэ тащхьэ **Къаздохьу Альберт.**

- Хэжь Жаннэ теплицым щылажьэну ягъэуващ икIи 2009 гъэм и накъыгъэ лъандэрэ абы щыIэщ.

● Юбилей

Жэмыхъуэ Чэмал и пщIэр зыIэтыр

**КъигъэщIа илъэс 70 гъэзэгаиэм щыхъепльэкIыжкIэ, Жэмыхъуэ Чэмал и нэгу къыщIегъэхъжкурыт еджанIэ нэужым фIыуэ илъагъу Iэщ1агъэм зэрыхуеджар, зыми хуамыгъадэ студентыгъуэ илъэсхэр дахэу зэриг1эжIуар, Iэнат1Iэ зэхъэмыдэ куэд зэрырихьэкIар, унагъуэ быдэ зэриухуар. А псоми щытепсэлъыхькIэ, Жэмыхъуэм и гурэзыхарэ и гъащIэм кыыщIыхуэ дзтхэнэ зы Iуэхугъуэми мыхьэнэшхуэ ириту апхуэдэщ. Зэман куэд унIэр зыми щыщкъым, ар зыхуей хуэзэу кыуымыгъэсбныфмэ, Абы и льэныкъуэкIэ Чэмал и гъащIэм щыщу зы махуи куэщIэнщу игъэкIуакъым. ФIыуэ ильагъу Iэщ1агъэм махуэщIэ кьэс ирыхьэу, цIыхум и дежкIэ иэхъыщхьэ дыдэ жьэу пащхьэ хуабэм кьеклуIэжщ ар кыыгэрыщсуар, нобэми зытетыр а хабзэрщ.

ДЭТХЭНЭ зы цIыхуми и гъащIэм нэхъ гукъинэжу хэтыр и сабиигъуэрщ, и щIалэгъуэ дахэу игъэкIуа илъэсхэрщ. А гупсысэр кьызэдиIыгъри, а льэхъэнэ дахэр езым кьызэрызэринэкIам кьысхутепсэльыхьхьаг Чэмал.

- ЦIыхум и кьежьапIэм щыщу гум нэхъ ириубыдэр кушыт еджапIэм щыщIэса ильэсхэрауэ кьыщIэкIынщ, - кьыддогуашэ Жэмыхъуэр. - Сэ школым «тху» защIэу сыщедджащ. 8-нэ классым сыщынэсам, химиемфы дыдэу хэзыщIыкI егъэджакIуэ Iэзэ кьытхуагъэкIуат. Хэт ищIэнт, абы сызыдгирэхьэха предметыр, Iэщ1агъэ схуэхъунум и льабжьэу кьыщIидзыну? Абы и ужькIэ химием зыгъэр зэхущIыкI хьуамэ, зи фIыщIэр си егъэджакIуэ Шурдым Гъэзэлийщ.

Дзэ кьудыкъум сыкъыкIыжа нэужь, профтехучилищэр кьэхуащ. ИтIанэ КъБКъУ-м инженер-технкIэ факультет кьыщызэIуахри, абыи сыщедджащ, нэхъыбIэхэм сыхабжэу...

ФIыуэ зэреджэм кьыдэкIуэу, Чэмал щIалэ жьыджэрти, университетым щекIуэкI сыт хуэдэ жьыларэуэ Iуэхуми пашэу хэтт, щэныгъэ конференцэми купщIафIэу кьыщIсалъэрт, егъэджакIуэхэр кьызэрыщыгугъым хуэдэу, махуэ кьэс щIэ гъэр зригъэщIэным хущIэкъурт. Сыт и лъныкъуэкIи нэхъыфIхэм хабжэ студентыр, ашпрантурэм щIагъэтIысхьэну кьыхуагъэльэгъуат. Факультетыр кьызэIуахагъащIэти, Iэщ1агъэм Iэхъэр зэрахуримыкъым кьыхъкIыу, Чэмал Москва ягъэкIуэнут. Аущ и унагъуэ Iуэхуэм ящкъ иткIэ, Жэмыхъуэм и щIэныгъэм хигъэхъуэну

● ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу

Ветеранхэр ягъэпажэ

2010 гъэм Iэтауэ ягъэлъэпIэнущ ТекIуэныгъэм и махуэр - Хэку заузышхуэр зэриухрэ илъэс 65-рэ зэрырикъур.

ХЭКУР нэмыцэ зэрыпхъуэкIуэхэм къаIэщIэзыгъэкIыжахэм, хуитныгъэр ящ мамыркIэрэ кьытхуэзыхьахэм я бжыгъэм кIуэ пэтми хощ. Зауэм и гугъуехьымрэ хьэзабымрэ зи нэгу щIэкIа ди нэхъыжьыфIнобэ кьыддэгъэгурыкIуэхэм я дежкIэ сыт хуэдэ гулытэрэ гуапэщ. Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я Бахъсэн кьаIэ Советым абы и лъэныкъуэкIэ Iуэху щхьэпэхэр ирегъэкIуэкI.

Бийм и япэ удынхэр зридзахэм ящыщ Белорус щIналъэр хуит кьызэращIыжрэ илъэс 65-рэ щрикъум и пэ кьихуэу, Бахъсэн кьаIэ Советым и тхьэмадэ Багъэтыр Забид зи пашэ гуп ветеранхэм я IэхэщIащ. Гитман Борис, Бесльэней Гъумар, Мехельсон Валентинэ, Бакъ Хьэмцыкъ, Кхуэзыуфэ Зэбил, Данилов Василий, Мамхэрэ Алий сымэ Белоруссием и правительствэм кьыбгъэдэкI юбилей медалхэр иратыжащ. Ветеранхэм зэхэлъэ дахэ хуащIыну я мурадащ, арщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм я нэхъыбэм пшыльхэм кьеклуэлIэну къару ябгъэдалъыжкъым.

Медалыр я бгъэгум щыхалъхьэкIэ зи нэпс кьеклуэхэри, зи гупсысэр лъэхъэнэ жьыжьэм нэсыжахэри кьахэкIащ абыхэм. Дауи, ягу кьагъэжIыжащ хэкIуэда я ныбжьэгъуэхр.

БЕКЪАЛДЫ Илэ.
Бахъсэн кьалэ.

яIэщи, щхьэж и лъагъуэ хишыжауэ, дэтхэнэми щIэныгъэрэ Iэщ1агъэрэ яIэу республикэм щолажэ. Абыхэм я щIэблэрщ Чэмалрэ Светланэрэ нобэ зыщыгуфIыкIыр, я махуэхэр я хуэзыгъэщIэрщIэр. Унагъуэ дахэм и кьежьапIэр щхьэгъусэрэ уиIэныр арамэ, абыкIи и насыпкIащ Жэмыхъуэм. Ахэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, я бынхэм щапхъэ яхуэхъуу дунейм тетщ.

Iэнат1Iэ зэхуэмыдэхэм пэрыту, унагъуэ дахэ иIэу кьекIуэкIа Чэмал мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI зы Iуэхугъуи хэтащ и гъащIэм - ар хьэжыщI зэрыщыIарщ.

- Си адэ-анэр муслымэну, нэмэз ящIу, КъурIэн седжэу щытащ, - игу кьегъэкIыжж Жэмыхъуэм. - Абы ипкъ иткIэ, А.Пушкин си фIэщ хьууэ, абы сыщгъэнэгъуу сыкъэхьуауэ жьыпIэ хьунущ.

Школым сызэрыщIэж льаншдэрэ нэщ сыныбуэ апхуэдэт. СощIэж абы щхьэкIэ комсомолым и чэзум сызэрыхамыгъэхьауэ щытар. Куэд щIауэ си нэр кьыхуикIырт а Iуэхум, ауэ схуэзфIэмыкIым гуэру кьыщыхьуртри, зеспщытыртэкъым. ИтIанэ си ныбжьэгъу гуэрхэм кьызаIуэкIащ, сыт хьэжыщI ущIэмыкIуэр, жаIэри. Си хьэупсапIэр, збгъэдэлъ мылъкур кьыслыькъуэкIыну кьарур зыхуэдизыр сымыщIэ -куэд зэзгъэзэхуэн хуэй хьурт. Ауэ, зэгуэрым а мурадыр си унагъуэм щахуэсIуатэм псоми кьызэдыIгащ, мылъкуйкI зыкъыщIагъэкъуащ. Апхуэдэу кьызэхьулIауэ щытащ псапэ ин дыдэ зыпылъу кьалтыгъэ кьаIэн дыдапIэр.

Псэ хьэлэлрэ гу зэIуахрэ зиIэ Чэмал и гуращэр щIыхуэ псоми фIы яхуэщIэнырщ, хуэныкъуэм зыщIэжьыщ, зэгъэкъэуэнырщ, псапэ дэжьынырщ. Аращ абы и пщIэр льагъэ зыщIыр, нобжьэгъуфI щIикуэдыр, къэзыщIыхуэ псоми фIыуэ кьыщIалъагъур.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

● Гъэугу кьежьапIэ

Зи гуи зи пси щIым ета Iэщ1агъэлI ныбжьыщIэ

Нобэ ди псэльэгъущ КъБР-м и Iэлъэгъуэ и правительствэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхьэхэмкIэ и министр кьуныкъур зыхуагъэфэща БекIуэ Вимур.

- Вимур, КъБР-м и Щалэгъуэгъэ правительствэм уэхтыну дзыхь кьызэрыпхъуащIам папщIэ сынохьуэхъу. Газетеджжэм закьебгъэщIыхуаиэ арат.

- Сэ Шэджэм районым хьхьэ Нартан кьуажэм сыкьыщалъхуащ. СыкъызыхэкIар кьыззэрыгуэкI адыгэ унагъуэщ. Си адэр Налшык шоферу щолажэ, си анэр унэгъащIэщ. Зы шыпхъу сиIэщи, КъБКъУм математикэмкIэ и факультетым и студентщ.

2004 гъэм Нартан кьуажэм дэт курыт школ №1-р кьэзухри, а гъэ дыдэм щым и щэхуэгъэ ззгъэщIэну, абы кьуитыфIынкIэ хьуну хьерхэм нэхъ куууэ зыщызгъэгъуэззэну кьаIэн зыщыщсщIыжкIри, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш академиемрэ и агрономие факультетым сыщIэтIысхьащ. ИлъэситкуитIэ седжэри Iэщ1агъэ ззэгъэгъэтащ, а ильэс щIэкIым Iэщ1агъэм кьыдэтащ, фIыщIэ ин яхудощI. КьыщцынэмыщIауэ, мэкъумэш академиемрэ сыщIэсыху Урысейм, КъБР-м, нэгъуэщI щIэпIэхэм щекIуэкI щIалэгъуаIэ конференц, зэпеуэхэм сфIогъэщIагъэуну сызэтащ, си Iуэху еплъыкIэхэр кьыщыщIагъэльэгъуащ. Ахэр сэбэн кьыслухьуауэ си щIэныгъэр здынэсыр ззэгъэщIэнымкIэ.

- ЩIалэгъуаIэ правительствэр кьыщыщзэрагъэпэщым зэпеуэм узэрыхьыха хуэамрэ ар кьызэрыщыхьуамрэ я гугъу кьытхуэщIыт?

- КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Щалэгъуаиэ правительствэ кьызэгъэпэщщын хуейуэ унафэ кьидигъэкIыну республикэм и хьыбарегъащIэ Iэнат1Iэм сыбы зэтыпуэгъэ зэпеуэкIэ кьыхахьыну кьыщатым, абы сыхьыхьну мурад сщIыри, тхьытъэр гъэхьэзырым щIэздзащ. Зэпеуэм куэд хэтащ, тыншу щыIтаурэ схуэмыIнуэкым, хьэрхуэрэгъуэхэр мэщIакъым. Ар IыхьитIу зэщхьэщыхауэ щытащ. Яп1э Iыхьэр сочиненэ тхьиныратри, зэпеуэм хэтхэм щхьэж дызэкIуэну дызыхуейр, тпэгъунэгъу министерствэм щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ нэхъ тегъэщIауэ щыт лэжьыгъэ зырыз дгъэхьэзырри ептащ. Абыхэм хэпльэу нэхъыфIу кьаныгъэхэр кьыхаха нэужь, еплуанэ Iыхьэм Муэзэчыр. - А зэманым сыщIалэ тыкIыр щыкIут, вэгъуэм, сэгъуэм, гъавэ Iухьжьыгъуэм дежи нэхъыбжьхэм ср1эпэлдзэпэыдзт, сражьIыщIэти, слъагъуэхэрэ зэхэсхэмрэ гукъинэжи сщIыхуэрт. УнафэщI Iэзэт, цIыху жьит ФIыщIэ. Сыгми хуэнэсрэт, колох о эх зэм яхуэгъапрэт. Нэхъыбэм зэкIыхэсти, ди гъусэу кьаIэнэрт, нэхуиль кьыщищIым ваклуэхэм ягъусэу пхъэщIэщкIыр иубыдырт, сэгъуэзэхэм дежи гупым яхэтт. ФIыуэ я кьалтыгърт, пщIэшхуэ кьыхуащIырт.

ЗэгурыIуэ зэрымыль, гъэсэнныгъэм щемыгугъу унагъуэхэм Кьардэн ФIыцIэ яхуэгкIийт. ЩIэблэм щапхъэ зэрыхуэзэну зэщхьэм, нэмысым, пэжагъым щIэпIыкIын зэрыхуейр щIэмычэу кьыхигъэщIыр т, мыхьумыщIагъэкIэ кIыну мэзэ пщIэщIэхуэу идэнутэкым. ФIэлIыкI зиIэ унафэщI гумызагъэм кьуажэдэсхэр або щхьэкIэ хуэарэзыт, фIыщIи хуащIырт.

ЗэгурыIуэ Iэжьхуэмэ гулыытэшхуэ хуищIырт колхоз тхьэмадэм. Кьапщтэмэ, хьэбгэшхуэм кIуэцIрыкIыу мэз лъапIэм щIэгурыгум и бгьуитIымкIэ кьыщыкIа лъэс лъагъуэ екIуэхэр езыгъэщIагъ ФIыцIэщ. Ар иригушхуэу кьыгхуэIу зэхэщIэлъапIэм. Володя щымт. Шэч хэмылъу, абы и нэгум кьыщIыхьэжырт и адэм и щыфэлIыфэу щытар, и Iэпэр иныгъыу япэ кIасым щишэм кьыжриа псальэ IэфIхэр, нэхъыфIу и лъапсэ дахэм бжейхэмрэ жыгейхэмрэ уардэу кьащхьэщытщ, псыгрышэхэр гъунэгъу дыдэу щожжэ, Бжьэ ягъэхьу, хадэ ящIэ. КIэщIу жьпIэмэ, насыпыфIэу, ящIэнрэ ящIэнрэ ягъэуту яхуэпсэгъуэу кьыззэдокIуэ.

Муэзэныр и щхьэгъусэ Кьаръ адэIуэкIэ жьэгум щоIэуэльауэ. Абы ерыскъы щIэщыгъуэ тхуиГъэхьэзырыкъ, щIалэхэм куэд кьыскхуэIуэтащ. Муэзэчырт емыязэщIыр.

- Сыкъежьэнпхэ нэужьыI фIы куэд дэсльэгъуащ Кьардэн ФIыцIэ, - пещэ абы. - А нэхъыжьхэ Iущым кьыдита гъэсэныгъэм дытету допсэу. Псом хуэмыдэжэу ФIыцIэ гулыытэшхуэ хуищIырт унагъуэхэр дэIыгъыным, зэгурыIуэу, быдэу щытыным. Аращ езым и бынхэри насыпыфIэ щыIэр. Дэри нобэр кьыздэсым нэхъыжьыфIым и щапхъэ гъэсэгъ гъэнэгъ зэрытетым дыхуэсакъ.

Бэчбо Муэзчыр кьиIуэтэжхэм псорн гупсэхуу дыщIэдзэIурт. Дэтхэнэми зыхэтщIэрт фIыщIэ гуащIэшхуэ зэрриар, хабзэщIхуэ зэрыхьэлъар, и лэжьакIуэхэм пщIэрэ нэмысрэ яхуищIу дунейм зэрытетар, абы и щIэр кьуажэдэсхэм зэрафIэльапIэр. Володя щымт. Шэч хэмылъу, абы и нэгум кьыщIыхьэжырт и адэм и щыфэлIыфэу щытар, и Iэпэр иныгъыу япэ кIасым щишэм кьыжриа псальэ IэфIхэр, нэхъыфIу и лъапсэ дахэм щIэлъ кьыкIыр, зэрриуэрр.

Адэ-анэм я фэеплъри, абыхэм ядэпльэгъуа сыт хуэдэ Iуэхури, кьадэбгъэщIа ильэсхэм, я дэтхэнэ нальэри дъапIэщ. Мис а гупсысэм Володя зэщIыIыгъат. Ар кьызбгъэдэсти, и дамащхьэм сытеIэбэурэ жызоIэ: «Сыту ущэху, щхьэ ухэпльэрэ, си кьуэш?»

- Уэрэхьи, Муэзчыр и хьыбархэм жыжьэ сахьамэ, кьэди сигу кьакIыжкIамэ. Сыту фIыт нобэ кьуажэм дыкъыщэрыкIуэжар. Тхьэр арэзы кьыпIэхухьу, у эри уи сэбэн хэпльэ абы.

Дыкъыщежьэжьыну зэманыр кьыщысым, я щхьгупластэм, я щIыхуГъэм папщIэ бысымым сэлам гуапэ идохьыжри, гъэзгум дыкъыстохьэж. Налшыкк1Э кьэдгъэзэзэжа нэужь, Володя зыкъыскхуеГъаз: «Ярэби, сыткIэ тхуэпшIыжыну пIэрэ ди адэ-анэм кьытхуащIахэр? Дыщысабиими, балигъ дыщIыхьуами, унагъуэу дыщытIысыжами кьыттеуIыгъуэ кьытхуащIатащ. Абыхэм я пащхьэм жэуапдыныгъэшхуэ щыдохь. ГъэщIэгъэунрахэ, ар кьыщыдгурыIуэжри, нэсу щызыхэтIщIэри езыхэр тIщIэкIа нэужькIэ».

Ауэрэ дыкъэсыжати, сэламыр щызэIэпытхыжым, абы и псальэхэм арэзы сытехьуэу и гупсысэхэм пызощ: «Нобэ сыбгъэщIыхуа щIалэхэм хуэдэхэр ди куэдши, согуфIэ. Апхуэдэ хэр диIэу, дыщIэгужьеин щIыхьэм. Адэ-анэм я Iэшымрэ я гуащIэмрэ зыщымыгъупщэн, я Iуэхуэр ипэкIэ зыгъэкIуэтэн, я фэеплъ нэхуэзр зыхьэмэн щIэблэ кьытщIэтаджэмэ, насыпышхуэщи, апхуэдэхэм Тхьэм кьахуэзпищ».

ДЫКЪЫНЭ Хьэмид.

● Налшык

Къалэм и махуэм и щIыхькIэ

Налшык илъэс 285-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ кьалэ щIыпIэ администрацэм иригъэкIуэкIыну «Уэз гъэгъахэр - кьалэ дахэм и махуэм» зыфIаща зэпеуэр.

АБЫ хэт хъунущ уэз гъагъэхэр зыгъэкI, а Iэщ1агъэм дихьэх дэтхэнэ зыри. Уэз гъагъэ лIэужьыгъуэщIэхэр къэзыгъэкIхэр, ахэр нэхъ дахэу Iэрамэу зэхэзыгъэувэхэр зэпеуэнущ мы махуэм. Абыхэм я нэхъыфIхэр кьэпщытакIуэ гупым интэбедджьыныну.

ФокIадэм и 1-м, Налшык кьалэм и махуэм, екIуэкIыну зэпеуэм зи зэфIэкI щызыгъэлъэгъуэну ууейхэмрэ абыхэм епльынуэхэмрэ фрагъэблагъэ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухэра илъэс 400 зэрырикъуам и щIэр зезыхьэ щыIэм. УпщIэ зиIэхэр мы телефонэмкIэ фыкъэпсалъэ: **77-22-02; 42-06-80**

ЦЮМАХУЭ *Лилэ.*

ЩакIуэ унэм и теплъэр иIэу

ХьэтIохъэущокъуэ ХьэтIэхъущыкъуэ и щIэр зезыхьэ кьалэ жыг хадэр нахьри зэIуэзэпэщ щIыным теухуауэ ирагъэкIуэкIа дажьыгъэщхуэм кьуикIуар нэрылъагъущ.

МЫБЫщагъэщIэрэщIэжа льэс лъатэхуэм, фонтанхэм, зыгъэпсэхупIэхэм, уэздыгъэ пкъо дахэхэм паркыр ягъэбжьыфIащ. Куэд мыщIэу абы къыщыIуахынкуэ кофе, шей ефапIэ. Ар инкъым, архитектурэ теплъэ дахэ иIэу яухуэ. Налшык кьалэ администрацэм и нэIэ тету лажьыгъэр ирегъэкIуэкI «Арбат» ухуахIуэ фирмэм.

Налшык жыг хадэм щрагъэкIуэкI лажьыгъэхэм адэкIи пащэнущ. Мыбы кьыщызэIуахыну я мурадэу этнографиемкIэ музей. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, абы пасэ зэманхэм «ЩакIуэхэм я хьэщIэщым» иIэу щыта теплъэр иратынущ. Музейм щIалъхьэнущ ныбжьыщхуэ зиIэ щакIуэ фочхэр, хьэкъущыкъуэхэр, Iэмэпсымэхэр. Ар ди щIыпIэм щыпсэуэмэ хьащIэхэми ягу зэрырихьынум шэч хэлъхъым.

ШЭРЭДЖ *Дисэ.*

● Дэ кьытхуатх

Гуныкъуэгъуэм дызэщIиIыгъэу

Адыгэхэм игъащIэми кьыддагъуэгурыкIуэ хабзэхэм ящыщщ зым и гуфIэгъуэр адрейм диIэтыныр. и гуаэри дигъэпсынщIэныр. А льэпкъ къэлэр ди гуращэу, тхыгъэ кIэщIкIэ зыфхудогъаз сыт щыгъуи чэнджэщзгъуфIу, ныбжьэгъуфIу диIэ икIи пщIэ зыхуэтщI «Адыгэ псалъэм» и редакцэм и лэжьакIуэхэм, газетым и щIэджыкIакIуэхэм. Ди гугъэщ ди гум тельъ хьэлъэр зэхэфщIыкIыну, щIэгъэкъуэн фыкьытхуэхъуну...

2008 ГЪЭМ и щIышылэ мазэм Дзэпыкъуэкъуажэ щыщ си адэ-анэ Бжьахьуэхэ Нэбийрэ Мариерэ, унагъуэм ис псоми гуаэрэшхуэ кьытщIэIуащ. Быным ди етIуанэ Анзор, и благъэм кьикIыжу Налшык лэжьакIуэ кIуэр (ар 14-нэ маршрутым тетт), зэуэзэпсэу гъуэгум щыбзэхащ; кьуаужэм лъэсу кьыщажьащ - лэжьапIэм нэсакъым. Хабзэхьумэ органхэр, Анзор и ныбжьэгъуэр, Iыхьлъхэр, благъэхэр ди гъусэу ди дзэлъхр кьэдрэ кьэптыхьхуащ икIи махуэ епщIанэм абы и хьэдэр Бахъсэн ГЭС-м и каналым кьыщыдгъэтыжащ... ЗэрыжаламкIэ, абы удын гуэри тельаксым, залымыгъэм и лъэужьи и Iэпкъльпэхэм щынэрылъагъэтэкъым.

Щыхьэ Iэдэбу, кьуэ щыпкъэу, щхьэгъусэ пэжу, адэ гумащIэу, лажьэрэ и унагъуэ иIпIыжу псэун езыгъажьа ди дзэпхуэ щIалэщIэм и гъащIэр апхуэдэу гуузу иухащ.

ДыкъыбгурыIуэну дыхуейщ: дэ кьытщыщIар кьэхъум я нэхъ лейкъым, абыкIи Тхьэшхуэм дыхуэзарэзыщ. Сыт тщIэн мыгъуэ... «Ажалыр Iэмал щIэнIэнэщ», - жаIэ игъашIэмэ, ар «бжэщхьэIум нэхърэ зэрыпэхъ гъунэгъури» доцIэ, ахуэ нэпсыр ноби гъущыркъым... Гуныкъуэгъуэм дызэщIиIыгъэу, Анзор тхьэмыщкIэм дыхуэнэщхьей псори: кьэзылъхуахэри, кьыдалъхуахэу Анжелэрэ Алимри, и Iыхьэгъуэ ФатIимри, ди дзэлъхр и фэеплъу кьытхуэна и фыжьэу Тамерланри, ди благъэ-Iыхьлъхэри, ныбжьэгъу-жьрэгъуэхэри. Псом хуэдэжкIым ди дзэ тхьэмыщкIэр. Абы и гупсысэм зы дакъикIи зэкIыркъым Анзор и Iэхур. «Хэт ищIэрэ, - жеIэ абы, - си щIалэ щыкIу мыгъуэм и кIуэдыкIам, и Iэхуу кьызэркIэжкIам зыгъэр щыгъэзэу пIэрэ, кьэдкIэм мащIэкIэми? А щIымахуэ пщэдджьжь мыгъуэжьым ар зыгуэрым имыльэгъуэу пIэрэ?...»

АдыгэбзэкIэ кьыдэкI газет закъуэм ди щхьэр етхьэлIэнри ди анэращ зи жэрдэмыр. ДыныболъэIу ди тхыгъэ кIэщIыр, Анзор мыгъуэм и сурэтри щыIуэу, «Адыгэ псалъэм» кьытхуэтвдзэну. Хэт ищIэрэ, Анзор и кIуэдыкIам щыгъэзэз гуэр кьыпэджжьынкIэ хъунущ мы тхыгъэм. Iэхуэм зымащIэкIэ щыгъэзэр мы телефонымкIэ фыкъэпсэльэну дыныволъэIу: 8-928-703-69-93 (Анжелэ).

ПщIэ кьыфхуэзышI

ЩхьэныкъуэУ (БжьахъуЭ) Анжелэ.

● Къэбарлэжьыгъэ

ЛъапIэщ адэ–анэм я фэеплъыр

● ГъащIэ

Мы тхыгъэр абы щхьэуасыпуэ зэхэхьэмкIэ сыуб-лэну сфIэкъабылщ. Махуэ гуэрым такси сыхуейуэ сыкъыдэкIат. Тпэмыжьжьэу уэрамыбгъум дежи щыIэхэтхэм ящыщ зым сыбгъэдохьэри соупщI, мыпхуэдэ хьэблэм сыиэбгъэсыфын. - жызоIэри.

- ДАУЭ унэ дмыгъэсу, тхьэмадэ, дыадыгэкъэ дэ, - жери гуапэу срегъэтIысхьэ. ДыздэкIуэм гу лыэтэр ар зэрыщIалэ гуапэм, гъэсэныгъэ тэмэм зэрыхэлъым икIи ззэгъэщIыхуэм сфIэкъабылу зыщыщым сыщIэщIыр.

- Бардзанкэ сарейщ, си щэр Володящ, - жи нэфIэгуфIэу, Налшык сыщыпсэуми, сыкьыщалъхуари сыкъыщыхьуари Аргуданщ.

Ауэрэ дыздэуэршэрым кьыхьIогъэшэ: адыгэ унагъуэм щагъэсам и насыпщ.

- Уэахущ, - арэзы кьызэдохьу Володя. - Уэлэкьи, дыкъэзылъхуахэм абы и лъныкъуэкIэ хьэкъ кьатемына.

СыщIежьа Iуэхуэр зэфIэзгъэкIауэ дыкъыщежьэжьи, ар кьызэолъэIу: Аргуданк1э сыдэкIуэну. Iэнкун сыкъыззэрыхьуар щилъагъум, кьыпещэ:

- Дыщалъхуа щIалIэжьым си шынэхьыщIэ Толэ исщ, ныбжьэгъуфI Iэлжи жьлэм щызиIэщ. СщIэркъым, слъэгъуарэт жьIсIэу, мысхьэтым ахэр си гум кьыщIыпльэдар.

Илъэс 50-м щIигъукIэ журналистку ущыльэжьаIэ, ухуей-уху ямеями, куэдым гу лъымытэжкIэ, цIыхум и гурыГу-гурыщIэ хэр, ар зыгъэпIейтейхэр зэхыыумыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым. А дакъикъэхэм Володя и гум Iэфlагъ гуэр кьызэрыкIыжам шэч хэльтэкъымэ, арэзы сохьэрт, Аргуданк уаужэшхуэмкIэ доунэтI.

ДыздэкIуэм и куэшри и ныбжьэгъуэхэри гуапэу кьытIоущэ, Iэнэ кьытхуащтэ. Апхуэдэхэм деж, зэрытщIэщи, унгу кьэбгъэкIыжыыпэ зэхуэзэпIуэтэнрэ мащIэкъым. Куэдым дытепсэльыхьащ а махуэм. Щалэхэм я псальитIым я зыр унагъуэхэм щызекIуэ хабзэмрэ нэмысымрэт, нэжьапэм нэхъыкIыхэм я быныр гъэсэкIэу, ущиикIэу щытарт.

«Iэфыгъэрэ дахагъэрэ кьэзыгъэщIыжкIыр мы Володя и адэ-анэм хуэдэхэр т. Абыхэм я IуэхущIафэм, я щапхъэм щапхъэкIэ зэи гъэщIэрэкIыпI, - кьыхагъэщырт щIалэхэм.

КьызэрысщIамкIэ, быныих - щIалищрэ хьыджэбзищрэ зэдзэгъыуэта зэщхьгъэусэхэу Кьардэнхэ ФIыцIэрэ МашIэрэ я унагъуэм хабзэ дахэ щызекIуэрт, нэмысыщхьэ ильт. Езыхэр лэжьакIуэщхьэ, щапхъэ ягъэлIыгъуэ зыкъэжэ гъащIэм жьыджэрэ ухэт. ФIыцIэ Налшык дэт Ленинскэ еджапIэр кьиухауэ щIэныгъэ хъарзынэ иIэти, Хэку зауэшхуэм и пэкIэ Аргуданк кьыщызэрагъэпэща колхозиплIым языхэ - «Красная Кабарда»-м и унафэщIу хах. ЩIалэ жаным лэжьыгъэм зыкъыдигъахуэрэтэкъым, цIыхухэр тригъэгушхуэу, адрей хозяйствэхэм ехьэехуэу апхуэдэ т. Бийр ди щым ирахужа нэужьи, а кьулыкъур щыхь пылъу ирихьэкIащ.

- Ноби си нэгу щIэтщ Кьардэн ФIыцIэ и лэжьэкIэу, и пп х эпыкIэу щытар, - игу кьегъэкIыж Бэчбо Муэзчыр. - А зэманым сыщIалэ тыкIыр щыкIут, вэгъуэм, сэгъуэм, гъавэ Iухьжьыгъуэм дежи нэхъыкIыхэм ср1эпэлдзэпэыдзт, сражьIыщIэти, слъагъуэхэрэ зэхэсхэмрэ гукъинэжи сщIыхуэрт. УнафэщI Iэзэт, цIыху жьит ФIыцIэ. Сыгми хуэнэсрэт, колох о эх зэм яхуэгъапрэт. Нэхъыбэм зэкIыхэсти, ди гъусэу кьаIэнэрт, нэхуиль кьыщищIым ваклуэхэм ягъусэу пхъэщIэщкIыр иубыдырт, сэгъуэзэхэм деж гупым яхэтт. ФIыцIэ кьалтыгърт, пщIэшхуэ кьыхуащIырт.

ЗэгурыIуэ зэрымыль, гъэсэныгъэм щемыгугъу унагъуэхэм Кьардэн ФIыцIэ яхуэгкIийт. ЩIэблэм щапхъэ зэрыхуэзэну зэщхьэм, нэмысым, пэжагъым щIэпIыкIын зэрыхуейр щIэмычэу кьыкигъэщIыр т, мыхьумыщIагъэкIэ кIыну мэзэ пщIэщIэхуэу идэнутэкым. ФIэлIыкI зиIэ унафэщI гумызагъэм кьуажэдэсхэр або щхьэкIэ хуэарэзыт, фIыщIи хуащIырт.

ЗэгурыIуэ Iэжьхуэмэ гулыытэшхуэ хуищIырт колхоз тхьэмадэм. Кьапщтэмэ, хьэбгэшхуэм кIуэцIрыкIыу мэз лъапIэм щIэгурыгум и бгьуитIымкIэ кьыщыкIа лъэс лъагъуэ екIуэхэр езыгъэщIагъ ФIыцIэщ. Ар иригушхуэу кьыгхуэIу зэхэщIэлъапIэм. Володя щымт. Шэч хэмылъу, абы и нэгум кьыщIыхьэжырт и адэм и щыфэлIыфэу щытар, и Iэпэр иныгъыу япэ кIасым щишэм кьыжриа псальэ IэфIхэр, нэхъыфIу и лъапсэ дахэм бжейхэмрэ жыгейхэмрэ уардэу кьащхьэщытщ, псыгрышэхэр гъунэгъу дыдэу щожжэ, Бжьэ ягъэхьу, хадэ ящIэ. КIэщIу жьпIэмэ, насыпыфIэу, ящIэнрэ ящIэнрэ ягъэуту яхуэпсэгъуэу кьыззэдокIуэ.

Муэзэныр и щхьэгъусэ Кьаръ адэIуэкIэ жьэгум щоIэуэльауэ. Абы ерыскъы щIэщыгъуэ тхуиГъэхьэзырыкъ, щIалэхэм куэд кьыскхуэIуэтащ. Муэзэчырт емыязэщIыр.

- Сыкъежьэнпхэ нэужьыI фIы куэд дэсльэгъуащ Кьардэн ФIыцIэ, - пещэ абы. - А нэхъыжьхэ Iущым кьыдита гъэсэныгъэм дытету допсэу. Псом хуэмыдэжэу ФIыцIэ гулыытэшхуэ хуищIырт унагъуэхэр дэIыгъыным, зэгурыIуэу, быдэу щытыным. Аращ езым и бынхэри насыпыфIэ щыIэр. Дэри нобэр кьыздэсым нэхъыжьыфIым и щапхъэ дрокIуэ, ди щIэблэр гъэзгу тэмэм зэрытетым дыхуэсакъ.

Бэчбо Муэзчыр кьиIуэтэжхэм псорн гупсэхуу дыщIэдзэIурт. Дэтхэнэми зыхэтщIэрт фIыщIэ гуащIэшхуэ зэрриар, хабзэщIхуэ зэрыхьэлъар, и лэжьакIуэхэм пщIэрэ нэмысрэ яхуищIу дунейм зэрытетар, абы и щIэр кьуажэдэсхэм зэрафIэльапIэр. Володя щымт. Шэч хэмылъу, абы и нэгум кьыщIыхьэжырт и адэм и щыфэлIыфэу щытар, и Iэпэр иныгъыу япэ кIасым щишэм кьыжриа псальэ IэфIхэр, нэхъыфIу и лъапсэ дахэм щIэлъ кьыкIыр, зэрриуэрр.

Адэ-анэм я фэеплъри, абыхэм ядэпльэгъуа сыт хуэдэ Iуэхури, кьадэбгъэщIа ильэсхэм, я дэтхэнэ нальэри дъапIэщ. Мис а гупсысэм Володя зэщIыIыгъат. Ар кьызбгъэдэсти, и дамащхьэм сытеIэбэурэ жызоIэ: «Сыту ущэху, щхьэ ухэпльэрэ, си кьуэш?»

- Уэрэхьи, Муэзчыр и хьыбархэм жыжьэ сахьамэ, кьэди сигу кьакIыжкIамэ. Сыту фIыт нобэ кьуажэм дыкъыщэрыкIуэжар. Тхьэр арэзы кьыпIэхухьу, у эри уи сэбэн хэпльэ абы.

Дыкъыщежьэжьыну зэманыр кьыщысым, я щIэгъупластэм, я щIыхуГъэм папщIэ бысымым сэлам гуапэ идохьыжри, гъэзгум дыкъыстохьэж. Налшыкк1Э кьэдгъэзэзэжа нэужь, Володя зыкъыскхуеГъаз: «Ярэби, сыткIэ тхуэпшIыжыну пIэрэ ди адэ-анэм кьытхуащIахэр? Дыщысабиими, балигъ дыщIыхьуами, унагъуэу дыщытIысыжами кьытттеуIыгъуэ кьытхуащIатащ. Абыхэм я пащхьэм жэуапдыныгъэшхуэ щыдохь. ГъэщIэгъэунрахэ, ар кьыщыдгурыIуэжри, нэсу щызыхэтIщIэри езыхэр тIщIэкIа нэужькIэ».

Ауэрэ дыкъэсыжати, сэламыр щызэIэпытхыжым, абы и псальэхэм арэзы сытехьуэу и гупсысэхэм пызощ: «Нобэ сыбгъэщIыхуа щIалэхэм хуэдэхэр ди куэдши, согуфIэ. Апхуэдэ хэр диIэу, дыщIэгужьеин щIыхьэм. Адэ-анэм я Iэшымрэ я гуащIэмрэ зыщымыгъупщэн, я Iуэхуэр ипэкIэ зыгъэкIуэтэн, я фэеплъ нэхуэзр зыхьэмэн щIэблэ кьытщIэтаджэмэ, насыпышхуэщи, апхуэдэхэм Тхьэм кьахуэзпищ».

ДЫКЪЫНЭ Хьэмид.

Пщ1э кьыфхуэзышI

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Чемпионым пэлъэщакъым

«Рубин» (Къэзан) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:0 (1:0). Къэзан. «Центральный» стадион. Бадзэуэгъэм и 31-м. Щыху 15.000 еплъащ.

Судьяхэр: КОВАЛЕВ (Тамбов). Ходеев (Воронеж), Волков (Мэзкую).

«Рубин»: Рыжиков, Калешин, Шаронов, Навас, Ансальди, Сибайе, Семак, Баляйкин (Рязанцев, 77), Гекдениз (Домингес 62), Новоа, Бухаров.

«Спартак-Налшык»: Радич, Феррейрэ, Джудович, Амисулашвили, Ятченкэ, Леандру (Дзыхымыщ, 78), Концедалов (Бырхъэм, 68), Мэшыкъуэ, Гогэ (Бикмаев, 59), Калимуллин, Гъуэщокъуэ.

Топхэр дагьэкIащ: Гекдениз, 37 - 1:0. Домингес, (пенальтикIэ), 89 - 2:0.

Дагъуэ хуащIащ: Сибайе, Мэшыкъуэм, Ансальди, Леандру, Радич.

ПРЕМЬЕР-ЛИГЭМ и етIуанэ къекIуэкIыгъуэр «Рубин»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» мэрем кIуам Къэзан щрагъэжьащ.

Джэгур хэгъэрейхэм зыджэру къыщIадзащ. Арщхьэкlэ налшыкдэсхэми захъумэж зэпыту зэIущIэр ирагъэкIуэкIыну зэрамымурадыр псынщIэ дыдэу наIуэ къыщIащ. Апхуэдэу, яп дакьикъэхэм къэзандэсхэм я гъуэм ебгъэрыкIуащ Гъуэщокъумрэ Гогэр, ауэ зыри кьикIакъым.

«Рубин»-ми хьэщIэхэм яхуэзфIэкIынур нэсу кьиныгъэу, зэIущIэм фIыуэ зыхуигъэхьэзыра хуэдэт. Хэгъэрейхэм я футболистхэр щIэх-щIэхьурэ ди гъуэм кьекIуалIэрт, ауэ Радич абыхъэм зэкIэ зэпэпхыщрт.

Чемпионым зэрыдэджэгум зыкIи кьимыгъэдзыхэ налшыкдэсхэр щIэх-щIэхьурэ «Рубин»-м и гъуэм екIуалIэрт. Апхуэдэу Калимуллин лъэщу зэуа топым Рыжиковыр пэлъэщащ. Куэд дэмыкIыу стадионым исхэр къызэ-щIигъэтэджащ «Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкIуэныгъэм. Гогэ жыжьэу щыту кьита топым Гъуэщокъуэм зэ еуэгъэкIэ гъуэмкIэ иригъэгъэзащ. Ди командэм и гъуэщакьуэ нэхъ щIалэ дыдэм бжыгъэр кьызэIунхьным зымащIэщ пIэжар - топыр штангэм техуэри кьигъэлъеижащ.

Я джэгукIэр зэрефIакIуэм жан кьищIа налшыкдэсхэр гупышхуэу ипэкIэ кIуэтащ, арщхьэкIэ топыр щызэIэпахым щыуагъэ яIэщIэкIащ. Ар псынщIэ дыдэу къэзандэсхэм кьапхъуатэри, ди лъэныкъуэмкIэ кьежьащ. Ди гъуащхьэхьуэмэхэм яIэщIэкIауэ гъуэм хуэкIэу Буховым ириуду фIэкIа Амисулашвили кьыхуэзэвыIакъым. Гъуащхьэхьуэмэ хабзэр кьыщызэпиудым, судьям джэгур кьиГъэувыIэн я гугъэри футболистхэр зэщIэувыIыкIащ. АрщхьэкIэ Ковалевым хэгъэрейхэм яебгъэрыкIуэныгъэр зэпигъэуацъым - кьэлъейжа топым Гекдениз еуэри, и командэр япэ иригъащащ.

Топ дагьэкIа нэужь, къэзандэсхэр нэхъ щIэужьыхьащ. Иджы абыхъэ гулытэт нэхъ зыхуащIыр зыхъумэжьныкIыт. Топыр хуит зыхуэхьуа налшыкдэсхэм «Рубин»-р кьаухъурейр псынщIэ дыдэу къэзандэсхэм кьапхъуатэри, ди лъэныкъуэмкIэ кьежьащ. Ди гъуащхьэхьуэмэхэм яIэщIэкIауэ гъуэм хуэкIэу Буховым ириуду фIэкIа Амисулашвили кьыхуэзэвыIакъым. Гъуащхьэхьуэмэ хабзэр кьыщызэпиудым, судьям джэгур кьиГъэувыIэн я гугъэри футболистхэр зэщIэувыIыкIащ. АрщхьэкIэ Ковалевым хэгъэрейхэм яебгъэрыкIуэныгъэр зэпигъэуацъым - кьэлъейжа топыр Гекдениз еуэри, и командэр япэ иригъащащ.

Топ дагьэкIа нэужь, къэзандэсхэр нэхъ щIэужьыхьащ. Иджы абыхъэм гулытэт нэхъ зыхуащIыр зыхъумэжьныкIыт. Топыр хуит зыхуэхьуа налшыкдэсхэм «Рубин»-р кьаухъурейр псынщIэ дыдэу къэзандэсхэм кьапхъуатэри, ди лъэныкъуэмкIэ кьежьащ. Ди гъуащхьэхьуэмэхэм яIэщIэкIауэ гъуэм хуэкIэу Буховым ириуду фIэкIа Амисулашвили кьыхуэзэвыIакъым. Гъуащхьэхьуэмэ хабзэр кьыщызэпиудым, судьям джэгур кьиГъэувыIэн я гугъэри футболистхэр зэщIэувыIыкIащ. АрщхьэкIэ Ковалевым хэгъэрейхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр зэпигъэуацъым - кьэлъейжа топыр Гекдениз еуэри, и командэр япэ иригъащащ.

Топ дагьэкIа нэужь, къэзандэсхэр нэхъ щIэужьыхьащ. Иджы абыхъэм гулытэт нэхъ зыхуащIыр зыхъумэжьныкIыт. Топыр хуит зыхуэхьуа налшыкдэсхэм «Рубин»-р кьаухъурейр псынщIэ дыдэу къэзандэсхэм кьапхъуатэри, ди лъэныкъуэмкIэ кьежьащ. Ди гъуащхьэхьуэмэхэм яIэщIэкIауэ гъуэм хуэкIэу Буховым ириуду фIэкIа Амисулашвили кьыхуэзэвыIакъым. Гъуащхьэхьуэмэ хабзэр кьыщызэпиудым, судьям джэгур кьиГъэувыIэн я гугъэри футболистхэр зэщIэувыIыкIащ. АрщхьэкIэ Ковалевым хэгъэрейхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр зэпигъэуацъым - кьэлъейжа топыр Гекдениз еуэри, и командэр япэ иригъащащ.

Топ дагьэкIа нэужь, къэзандэсхэр нэхъ щIэужьыхьащ. Иджы абыхъэм гулытэт нэхъ зыхуащIыр зыхъумэжьныкIыт. Топыр хуит зыхуэхьуа налшыкдэсхэм «Рубин»-р кьаухъурейр

«Рубин» (Къэзан) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 3:0 (3:0). Бадзэуэгъэм и 30-м. Къэзан. «Рубин» стадион. Щыху 300 еплъащ.

Судьяр Мавликеев (Ишеевкэ).

«Рубин»: Черемисин, Жестоков, Климов, Кварквелиа (Тарабриков, 68), Самигуллин, Галиулин (Умарбоев, 63), Джалилов (Чернов, 46), Котляров, Кухарчук (Иоломанов, 66), Нагаев, Ораэсахедов (Гаппаров, 70).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Соблир, Алчагиров (Гъу эщокъуэ, 46), Плиев, Михеев, Зрум, Кхъуэныкъ (Кьумыкъу, 46), Михайлов, Захаров (Гаджиев, 73), Борей (Пароди, 46), Гъубж (Митришев, 63).

Топхэр зи дагьэкIащ: Кухарчук, 11 (1:0). Климов, 18 (2:0). Галиулин, 45 (3:0).

Щалэгъуалэ гупхэм я зэхьэзэхуэм и турнир таблицэ

Командэхэр	Дж.	Кь.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Спартак»	**15**	**11**	**3**	**1**	**49-19**	**36**
2. «Рубин»	**16**	**10**	**3**	**3**	**33-13**	**33**
3. «Зенит»	**15**	**10**	**3**	**2**	**29-17**	**33**
4. «Локомотив»	15	9	4	2	23-14	31
5. «Динамо»	15	9	2	4	26-15	29
6. «Сатурн»	15	8	0	7	20-17	24
7. «Тэрч»	15	7	2	6	23-20	23
8. «Спартак-Налшык»	**16**	**7**	**2**	**7**	**17-23**	**23**
9. «Москва»	15	6	2	7	26-26	20
10. «Амкар»	15	6	2	7	19-25	20
11. ЦСКА	15	5	1	9	28-29	16
12. «Крылья Советов»	15	4	2	9	13-26	14
13. «Химки»	15	4	2	9	14-27	14
14. «Томь»	15	3	5	7	10-17	14
15. «Кубань»	**15**	**2**	**3**	**10**	**12-30**	**9**
16. «Ростов»	**15**	**1**	**2**	**12**	**11-35**	**5**

КЪЭХЪУН Бэч.

● Футбол

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм кърикIуахэр

● ЩIэныгъэхэр

Зэрырагъаджэ щыкIэм и флагыр кьыщапшытэ центрым иджыблагъэ щызэхэтащ Къэрал экзаменхэр зэратым кIэлъыплъа кьэпшыпткIуэ гупым и зэIущIэ. Абы щытепсэльыхьащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ди республикэм зэрыщекIуэкIам.

ЗЭIУЩIЭР кьыщызэIуихым, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий жиIащ ЕГЭ-р прФмет 13-кIэ зэратар, абы щыщу тIур - урысыбзэмрэ математикэмрэ - Iэмал зимыIэу, адрейхэр еджакIуэ-хэр щхьэж зыхуейр кьыхахьжауэ зэрыщытар. Мэкьуауэгъэу и 3-6-кIэм УФ-м и Рособрнадзорым иригъэкIуэкIа кьэпщытэныгъэхэм кьагъэлъэгъуащ ди республикэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зыубыхуа хабзэхэм, жыпхъэхэм тету кьызэрыщыпэзэрагъэтащ. Абы щыгъуэми кьыхагъэщащ иджырей хьыбарегъащIэ Iэмэпсымэхэр жыджэру экзаменхэм кьыщагъэсебэпыну ныбжьыщIэхэр зэрыхэтар. Апхуэдэ ныкьуэсаныгъэхэр щагъэзэжьуэжьым, жыпI телефонхэр кьэзыгъэсебэп еджакIуэ 57-рэ экзаменхэм кьыщIагъэкIащ.

Министрым и псальэхэм кьызэрыхэщамкIэ, экзаменхэр зэрекIуэкIар зэхэплъхьэкмэ, предметхэм я нэхъыбэмкIэ ику иту Урысейм щызекIу я мардэхэм ди республикэр кьыкIэрэоу. Апхуэдэу, кьапщтэмэ, урысыбзэр хьарзынэу зыхуэтахъэм УФ-м ику иту кьыщыхьар балл 53,8-рэ щыхьумэ, КъБР-м ар здынэсыр 49-рщ, урыс литературэр: УФ-м - балл 61,8-рэ, КъБР-м - 47,1-рэ. Экзаменхэм кьызэрагъэлъэгъуамкIэ, хамэ кьэрагъыбзэхэр зэрырагъэджми егупъхъэщ. Кьапщтэмэ, инджылызыбзэмкIэ КъБР-м ику иту кьыщахьа балл бжыгъэр 46,5-рэ хъу мэ, УФ-м ар 59,4-м щынос, франджыбзэмкIэ: КъБР-м - балл 38-рэ, УФ-м - балл 58,8-рэ, нэмыцIыбзэмкIэ: КъБР-м - балл 30, УФ-м - 46,6-рэ. Ди республикэм ику иту балл нэхъ льагъ дыдэ кьызэрахьар химиерщ (58,4-рэ). нэхъ лъахъшэ дыдэр нэмыцIыбзэрщ(30). Предмет щхьэхуэхэмкIэ балл 100 кьэзыхьар цыхун 4 кьудейщ зэрыхьур. Балл 90-м щIегъыгъуаэхэри машIэщ: инджылызыбзэмкIэ цыху 58-м, химиемкIэ -14-м, тхьцIэмкIэ - 10-м, урысыбзэмкIэ - 10-м. ГъэщIэгъуэнращи, физикэмрэ литературэмкIэ республикэм и зы еджакIуэми балл 90-м щIигъэгъуакъым.

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм мы гъэм зэхъуэкIыныгъэхэр ягъуэтащ. Апхуэдэу Iэмал имыIэу яIэ уэрэд предметитIым языхэзкIэ еджакIуэм балл нэхъ машIэ дыдэу ягъэувам хуэдиз кьимыхьыфрэ, абы кьратыныр школым зэрыщеджамкIэ тхьылъ кьудейт. Мы гъэм кьэзыхуэ еджакIуэм и щIэныгъэр кьызэрапщытэ зэкIэмкIи - 11-м щынэсмэ, КъБР-м ар процент 0,7-рэ щыхьуу аращ.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и кьуэдзэ Дорохинэ Лидие тепсэльыхьащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм кьрикIуахэмкIэ тхьэусыха еджакIуэхэм я Iуэхур зэрызэхагъэкIам. ЕГЭ-м и хабзэхэм утетмэ, экзаменым кьрикIуащIэ умыарэзыщ, абыкIэ зыубар ебгъащIэн хуейщ уи балл бжыгъэр зыхуэдизыр кьыщыбжаIам кьыкIэтыкIуэ мах уитIым кьрипубыщ. «Ди жагъ уэ зэрэпхъунщи, а пIалъэр икIауэт адэ-анэхэм я нэхъыбэм зыкьыщытхъугъаIэ, - жиIащ Дорохинэ Лидие. - Абыкъэ жаIэт. КьыщынэмыщIауэ, школ зэмыкIам я щIэныгъэхэм я унафэщIхэм мыхъэ-мыпIэу дазэрегъэлъар. Экзаменхэм кьрипдуамкIэ мыарэзыхуэ эл лэжьыгъэ дыхэлъэжакъым кьаухэкIащ балл бжыгъэм зыхуэхэдгъэхъуэжам ар зыхуэдгъэмащIэжам».

ЗэIущIэм щытепсэльыхьащ ныкьуэдыкьуэхэр еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрыщагъэтIысхьэ щыкIэмк. Кьыхэхуэсахэр арэзыт апхуэдэ цыхухэм льготэ я|Iэн зэрыхуейкIэ. АрщхьэкIэ мы гъэм абыхъэм я бжыгъэр зэуэ куэд зэрыхьуам кьыхэкIыу языныкъуэ факультетхэм бюджет мылъкукIэ щрагъэджэн щхьэкIэ зэныкъуэкъуэр ахэращ. Абы щыгъуэми еджапIэ нэхъыщхьэхэм я кьалэныр зэуэ щIэныгъэм адэкIи хэгъэхъуэнырщ. Нобэрей щытыкIэм кьызэригъэльагъуэкIэ, абыхъэм ящыщ куэдым я мурадхэр кьемыхуэ-лIэнкIэ хьунущ. Абы кьыхэкIыу зэIущIэм хэтхэм апхуэдэ Iэхъугъуэр кьемызэгъыкIи абы хэкIыпIэ гуэрхэр кьыхуэлъыхъуэн хуейуэ кьалытащ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

● Театр

Пшыхь гукъинэжт

Щоджэнщыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лэжьэгъуэр бжьыхьэ пщIондэ зэпигъэуащ. Хабзэ зэрыхъуам тету, а Iуэху-гъуэм пшыхь гъэщIэгъуэн иращIэкIащ.

НАЛО Заур и пьесэ «Iэфlыгъэ и нэ фIыцIитIыр», Несин Азиз и пьесэм кьыгъащIыкIа «Сыуk1, иджы, дуней нэку», Эдуардо де Филиппо итха «ЦIыхуэ икIи джентльменщ», Шамхалов Мэжид и пьесэу «Гуащэ зблгэ», нэгъуэщI спектаклхэми щыщ пычыгъуэхэр ягъэтьэгъуащ. Абы щыдджэгуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артистхэу ЖьэкIэ-мыхъу КIунэрэ Шыбзыхъуэ Басиррэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэу Думэн Мурэдин, Щэрмэт Людмилэ, КIэмыргуей Валентин, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артисткIэ БжэIумых Беллэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и артистхэу Тхьэщыгъуей Жаннэ, театрым и артистхэу КIэхумахуэ ФатIимэ, Хьэмырзэ Ахьмэд, КIарэ Iарисэ, Къэзанш Джульетт, Мэкьауауэ ФатIимэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

Къызэхуэсахэм уэрэд дахэхэмкIэ я нэгу зрагъэужьащ театрым и артистхэу Лу Рэмэзан, Щэджэм Светланэ, Мэкьауауэ ФатIимэ сымэ, нэгъуэщIхэми. Дэтхэнэ зыкъэгъэльэгъуэныгъэри гъэщIэгъуэн зэрыхъуам и щыхь ту, хьэщIэжэм ди артистхэм Iэгуауэщхуэ хуаIэтащ.

Пшыхьыр дахэу ирагъэкIуэкIащ КIэхумахуэ ФатIимэрэ Тхьэщыгъуей Жаннэрэ.

ТАБЫЩ Динарэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Псапащ1э Iуэхухэр

Лъы тыным ехьэлIауэ

Щыщхьэхуи и 1-м «Лъы щыхащ республикэ стан» къэрал Гуэхущ1апIэм къыщыгъэрагъэрэщ «Лъы зытхэм я щ1эбэт» урысейпсо псапащ1э акцэм эн щ1алэгъуэ куэд къекIуэ1ащ.

Абыхъм хаща лъыр республикэм и сымаджэщхэм иратыну.

ПСАПАЩIЭ Iуэхур кьызэрагъэпэщащ зи цIэ кьитIуа Iуэхущ1апIэмрэ КъБР-м къэзыгъэльагъэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьныкъэ щIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ и министерствэмрэ Апхуэдэуэ урысейпсо акцэм хэтащ «М-Драйв» жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ «Регион-07» журналымрэ. Лъы тыным ехьэлIауэ кьызэрагъэпэща «Лъы зытхэм я щэбэтым» нэмыщI, дызыхуэжIуэ мэрем махуэм, щыщхьэIум и 7-м, сыхьэти 9-м кьыщыщIэдзауэ 14 хъуху Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIэкIэ щыIэ утым щекIуэкIынущ «Автодонор» Iуэхугъуэр. Абы ипкъ иткIэ, псапэ зыщIэну хуей щIалэгъуалэр лъы щыхаш станцым пщIэншэу яшэнщ икIи кьашэжьынущ.

Мыпхуэдэ Iуэхуэм мыхьыдрищхуэ яI щы лъы тыным пылъ пщIэмрэ Iмалыншагъэмрэ жылагъуэм кьыщыIэтыныжкIэ.

ТАМБИЙ Лиз.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Бзаджащ1эр яубыдащ

КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ, бадзэуэгъэм и 26-м сыхьэт 23-рэ дакьикъэ 15-м Напшык Зэгурыйуэныгъэм и утым деж щаубыдащ Республикэм и Лыхъужьхэр блыным орденхэр хэзыгъэкIа илъэс 16 зи ныбжь, Александровскэ станицэм щыпсэу ныбжьыщIэр.

КЪАМБИЙ Амир.

● ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

Аргуэру бжыгъэшхуэкIэ къыхагъащIэ

«Рубин» (Къэзан) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 3:0 (3:0). Бадзэуэгъэм и 30-м. Къэзан. «Рубин» стадион. Щыху 300 еплъащ.

Судьяр Мавликеев (Ишеевкэ).

«Рубин»: Черемисин, Жестоков, Климов, Кварквелиа (Тарабриков, 68), Самигуллин, Галиулин (Умарбоев, 63), Джалилов (Чернов, 46), Котляров, Кухарчук (Иоломанов, 66), Нагаев, Ораэсахедов (Гаппаров, 70).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Соблир, Алчагиров (Гъу эщокъуэ, 46), Плиев, Михеев, Зрум, Кхъуэныкъ (Кьумыкъу, 46), Михайлов, Захаров (Гаджиев, 73), Борей (Пароди, 46), Гъубж (Митришев, 63).

Топ зи дагьэкIащ: Кухарчук, 11 (1:0). Климов, 18 (2:0). Галиулин, 45 (3:0).

Щалэгъуалэ гупхэм я зэхьэзэхуэм и турнир таблицэ

Командэхэр	Дж.	Кь.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Спартак»	**15**	**11**	**3**	**1**	**49-19**	**36**
2. «Рубин»	**16**	**10**	**3**	**3**	**33-13**	**33**
3. «Зенит»	**15**	**10**	**3**	**2**	**29-17**	**33**
4. «Локомотив»	15	9	4	2	23-14	31
5. «Динамо»	15	9	2	4	26-15	29
6. «Сатурн»	15	8	0	7	20-17	24
7. «Тэрч»	15	7	2	6	23-20	23
8. «Спартак-Налшык»	**16**	**7**	**2**	**7**	**17-23**	**23**
9. «Москва»	15	6	2	7	26-26	20
10. «Амкар»	15	6	2	7	19-25	20
11. ЦСКА	15	5	1	9	28-29	16
12. «Крылья Советов»	15	4	2	9	13-26	14
13. «Химки»	15	4	2	9	14-27	14
14. «Томь»	15	3	5	7	10-17	14
15. «Кубань»	**15**	**2**	**3**	**10**	**12-30**	**9**
16. «Ростов»	**15**	**1**	**2**	**12**	**11-35**	**5**

Дагъуэ хуащIащ: Плиевым, Галиулиным, Умарбоевым.

ГъЭ ДжЭГУГъУЭР фIы дыдэу кьыщIэхьэдза налшыкдэсхэм нужьарей зэманым кьащIащIар гурыIуэгъуейщ. Иджы ещанэу зэкIэлъхьэужьу ахэр бжыгъэшхуэкIэ кьыхагъэщIащ.

Мы зэIущIэр хэгъэрейхэм я тепщэныгъэкIэ кьыщIидзащ. Джэгур зэрыщIидзэу, псынщIэ ебгъэрыкIуэ у я хьэрхуэрэгъуэхэр ирагъэкIуэтыну тезыхуха кьэзандэсхэм я мурадыр кьехъулIат. Апхуэдэ щIэ-дзэкIэм хуэмыхьэзыра ди щIалэхэр занщIэу Iэнкун кьэкIуэ-ри кIи топыр щыуагъэншэу зэIэпэхьифыртэкъым.

ХьэщIэхэм я щыуагъэхэм ящыщ зыр «Рубин»-м кьигъэсэбэпащ, ЗэIущIэм и епщыкIуэнэ дакьикъэр екIуэкIыу хэгъэрейхэм я гъуащхьэхьуэмэныкъуэ Кухарчук кьыIэрыхьа топыр Щоджэным и гъуэм игъэкIуащ икIи и командэр япэ иригъэщащ.

ПсынщIэу кьыхудагъэкIа топыр «Спартак-Налшыкым» и Iуэхур нэхъыкIэж ищIащ. Абы кьыхэкIащ етIуанэ топри. ЕпщыкIуиянэ дакьикъэм зэщхьэщыкIыныгъэр Климовым иугъэбгъэщащ.

Топиткlэ япэ ища нэужь, къэзандэсхэр нэхъ мыпIащIэу джэгу хьауащ. Ди щIалэхэми тIэкIу загъэпэсхуну Iэмал кьахукьуэкIащ. Иджы зэпэщIэтныныгъэ нэхъыбэрэ щекIуэкIыр губгъуэм и курт, ауэ я апхуэдэу куэдрэ щытакъым. Я кьалэн нэхъыщхьэр гъэззэщIэн кьыщIэзыдза «Рубин»-м и футболистхэм дагьэкIа топхэм я льэр жан кьащIат. Япэ Iыхьэм и иужьрей дакьикъэм зэIущIэм и кIэух бжыгъэр Галиулиным игъэуваща - 3:0.

Топищ дагьэкIам ирикъуну кьэзыльыта хэгъэрейхэм етIуанэ Iыхьэм жыджэрагъ кьагъэльэгъуэкажьым. Я лъэныкъуэмкIэ зыкьыщагъэбыдэри, налшыкдэсхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэр кьыщзэгуд мыхьумэ, езыхэм апхуэдэ Iуэху зэрамыхьуэу зэIущIэр и кIэм нагъэсащ.

«Сатурн» - «Зенит» - **3:0**, «Спартак» - «Кубань» - **4:1**, «Томь» - ЦСКА - **0:1**, «Тэрч» - «Москва» - **3:2** «Амкар» - «Крылья Советов» - **1:1**, «Химки» - «Динамо» - **2:1**, «Локомотив» - «Ростов» - **3:0.**

КЪЭХЪУН Бэч.

Дзэ къулыкъур - контрактIэ

Дзэм контрактIэ къулыкъу щащIэн папщIэ Налшык къалэм и дзэ комиссариатым къыжьэ зи ныбжьыр илъэс 20-м щыщIэдзауэ илъэс 40-м нэс цIыхуу запасым щыIэхэр.

Абыхъэм лэжьапщIэу иратынущ сом мин 25-рэ, нэхъыбэ.

Апхуэдэу курыт профессиональнэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт дзэ еджапIэхэм щагъэтIысхьэн папщIэ кьыхах зи ныбжьыр илъэс 24-м щIимыгъуа, дзэм кьулыкъу щызыщIа, курыт еджапIэр кьызэрауахмкIэ къэрал документхэр зиIэ цIыхухэр.

Дзэ кьулыкъур контрактIэ езыхэзыхну, апхуэдэу дзэ еджапIэм щIэтIысхьэну хуэфIэкIым Налшык кьалэм и комиссариатым зыкIэгъаззэ хъунущ мы адресымкIэ: **Красноармейскэ уэрам, 26, пэш 24. Телефоныр: 44-10-83.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр, Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэр **Иванов Игорь Виктор и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Кулалевская Наталье Александр и пхъур** дунейм зэрехьажам кьыхэкIыу.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинатым и лэжьакIуэхэр, «Адыгэ псалъэ» газетым, «ЛащIэкIэмахуэ», «Эльбрус» тхьылъ тедзапIэм я редакцэхэр полиграфкомбинатым и унафэщIым и къуэдзэ **Дэбагъуэ Людмилэ Исмэхьил и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Ахъмэт Соня Машэ и пхъур** дунейм зэрехьажам кьыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфlыцlэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэ),**Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущlэ Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбжьк Танэ, Хьжыкьэрэ Аслан.**

ДИ ХЭщIапIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуэнэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэкъуэм Iуэхущ1апIэхэм я дэлэжьныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ шкемокъмкIэ - 42-22-88; екъуэдзэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэр - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьышIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьынымрэ щIэ дальщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленом.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щынымкIэ жэуап ещ КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъэзам и 16-м

№П-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокIэ.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Индексыр 51531●Тираж 9.896●Заказ №2498

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору ЖьэкIэмыхьэ Маринэ, корректорэу Афэ Тамарэ *(2,3-нэ нап.),* ТхьитIыкI Юрэ *(1,4-нэ нап.),* корректорхэм я зэгухьэныгъэ Иуан Заирэ. *Компьютеркlэ газетым и тепльэр ящIащ* Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтыщI* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзэр сыхьэт 22.00-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 9.896●Заказ №2498